ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ
БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК
УНИВЕРСИТЕТИ

Тараўлар экономикасы кафедрасы
Гүлимбетов А

**Тема: «Дүнья жузилик финанслық дағдарыс жағдайында пахташылық комплексиндеги экономикалық қатнасықларды жетилистириў жоллары»**

# МАГИСТРЛИК ДИССЕРТАЦИЯСЫ

**Илимий басшы:**

**НӨКИС – 2010**

## МАЗМУНЫ

**Кирисиў** 3

**I-Бап. Пахташылық комплексинде өним жетистириўдиң ҳәзирги жағдайы ҳәм оның нәтийжелилигин арттырыў жоллары** 9

1.1. Пахташылық тармағы экономикасын еркинлестириў дәрежесине баҳа бериў усыллары 9

1.2. Пахташылық тармағында өним жетилистириўди раўажландырыўдың ҳәзирги жағдайы ҳәм келешеги. 14

1.3. Пахташылық комплексинде экономикалық қатнасықлардың әҳмийети ҳәм ғоза сортларын жайластырыўдың ҳәзирги жағдайы 24

**II-Бап. Өзбекстанда пахта тазалаў санаатында бәсекишиликти ҳәм пахта туқымшылығы раўажланыўын қәлиплестириў** 33

2.1. Мәмлекетимиздиң пахта экспортының дүнья пахта экспортындағы орны 33

**2.2. Өзбекстан пахтасының экспорттағы ролин арыттыў жоллары** 41

**2.3 Республикамыз аўыл хожалығында пахташылық тараўының раўажланыў жағдайлары** 56

**III-Бап. Мәмлекетимизде пахта санаатын раўажландырыў перспективалары** 63

3.1. Пахтаны қайта ислеў санаатының тийкарғы ўазыйпалары ҳәм оны раўажландырыў илажлары

3.2. Қарақалпақстан Республикасының пахта тазалаў санааты ҳәм оның Республикамыздың экономикасында тутқан орны 70

Жуўмақлаў 75

Пайдаланылған әдебиятлар 78

# Кирисиў

**Теманың актуаллығы.** Базар экономикасына өтиў мәмлекетимиз экономикасына байланыслы барлық тараўларға өзиниң тәсирин тийгизбекте ҳәм өндиристи шөлкемлестириў ҳәм басқарыўда терең өзгерислерге себеп болмақта. Пахташылық Республикамызда дийханшылық тараўының тийкарғы тармағы болып, республика ҳәм мәмлекет халық хожалығының социал-экономикалық нәтийжелилигин асырыўда ҳәм тармақлар арасында раўажландырыў ҳәм беккемлеўде айрықша орынды ийелейди. Пахта шийки зат ҳәмде оннан алынатуғын бирлемши ҳәм таяр өнимлер тек ғана мәмлекетимиздиң базарларын толтырыў ғана емес, бәлки оларды экспорт етиў тийкарында Республика бюджетин шет ел валюталары менен толтырыўда тийкарғы дерек болып есапланады.

Экономикалық реформалар нәтийжесинде аўыл хожалығында жер өз ийесин табыўы, дийханның өз мийнет нәтийжелерине ийе болыўы, өним ислеп шығарыў көлеми асыўы ҳәм нәтийжеде дийхан мәплерин тәмийинлеў ушын беккем ҳуқықый орталық ҳәм сондай-ақ, тармақта жеке мүлкшилик тийкарында хожалықлар раўажланыўына қолай ҳуқықый ҳәмде шөлкемлестириўшилик шараятлар жаратылды. Реформалар процессинде жетекши тармақ сыпатында пахташылық тарамағын раўажландырыўға өз-алдына әҳмийет берилмекте.

Пахташылық тармағының мәмлекетимиз экономикасындағы әҳмийетли орнын қысқаша түрде Президентимиз И.А. Каримов пикири менен тәриплейтуғын болсақ, «…пахта ҳәзирги ўақытта тийкарғы валюта ресурсы, республика ушын өмирге зәрүр болған дәри-дармақлар, техника ҳәм

технология үскенелерин импорт бойынша сатып алыўды тәмийинлейтуғын тийкарғы дерек болып табылады»[1].

Бирақ, ҳәзирде базар қатнасықларын енгизиў басқышпа-басқыш әмелге асырылыўы себепли көплеп қабыл қылынған нызам ҳәм норматив ҳүжжетлерди өмирге енгизиўде машқалалар пайда болмақта. Әсиресе пахташлық тараўын аўыл хожалығы кәрханаларының экономикалық еркинлигин кеңейиттириў, дийханның өз мийнети ҳәм хожалық хызмети нәтийжелеринен мәпдарлығын асырыў мәселелери раўажланып барыўы лазым.

Пахташылық тараўында административлик басқарыў методлары элементлери сақланыўы ислеп шығарыўдың төменги буўынында сарып-қәрежетлерди кемейиттириў, өним сыпатын асырыў ушын мәптиң ойаныўына тосық болыўы өз сыпатын тапқан мәселе есапланады.

Соның ушын да пахташылық тараўын раўажландырыў ислеп шығарыўды шөлкемлестириўде экономикалық методлар баслы екенлигине, аймақлар шараятларын есапқа алған ҳалда сорт жайластырыўға итибар бериў, пахта тухымшылығы системасындағы машқалаларды шешиў, өнимниң өзине түсер баҳасын кемейиттириў бойынша дийханның исбилермен сыпатында хызметин кең хошеметлеў мәселелерине тиккелей байланысылы.

Пахта мәмлекетимиз ушын стратегиялық өним болыўы себепли усы тараўда мәлим муғдарда мәмлекет буйыртпасы сақланып қалып атырған болсада, тармақтың турақлы раўажландырыў мәселесин тарўда базар принциплерин енгизбестен турып толық шешип болмайды. Сол себептен де пахташылық тараўында экономикалық реформаларды барған сайын тереңлестирип барыў, базар принциплерин енгизиў имканиятларын қыдырып табыў ҳәм оларды әмелиятқа енгизиў механизмлери бойынша илмий

[1] Каримов И.А. Халқимиз фаровонлигинин барқарор ўсишини таъминлаш –устувор вазифа. Идоралараро мувофиклаштирувчи кенгаш мажлисида сўзлаган нутқ. «Халқ сўзи»» №9 92571) 12.01.2001.

тийкарланған әмелий илажларды ислеп шығыў жүдә әҳмийетли мәселелерден есапланады. Жоқарыдағылардан келип шығып айтыўымыз мүмкин, пахташылық комплексинде бар болған машқалаларды терең үйрениў ҳәм олардың шешимлери менен байланыслы усыныслар системасын жаратыў илимий излениўлер тараўындағы актуал мәселе болып, бул усы диссертация жумысының тийкарғы өзегин ҳәм ҳәзирги күндеги актуаллығын белгилейди.

**Машқаланың үйренилгенлик дәрежеси.** Аграр тараўда аймақлар тәбиий-ықлым шараятлары, жер-суў, мийнет ресурсларынан нәтийжели пайдаланыў ҳәм пахташылық комплексин раўажландырыўдың актуал мәселелери экономист алымлар Р. Абдуллаев, А. Жураев, Ч. Мурадов, Т. Фарманов, Р. Хусанов, К. Чориев, Ў. Умрзоков, Э. Юсупов, А. Кадиров ва басқалардың илимий ислеринде изертленген.

**Магистрлик диссертация жумысының мақсети ҳәм ўазыйпалары.** Диссертация жумысының баслы мақсети бул экономикалық еркинлестириў ҳәм реформалардың ҳәзирги дәўиридe пахташлық тараўын комплекс түринде, соның ишинде пахта тазалаў кәрханаларын раўажландырыўға жаңаша қарап мәлим шараятларда ишки ҳәм сыртқы базарға шығыўда базы бир машқалаларды ашыў ҳәм керекли усыныслар бериў болып табылады..

Пахташлық тараўының өзине сай өзгешеликлерин үйрениў, ондағы бар болған машқалаларын анықлаў ҳәм олардың шешимлери менен байланыслы усыныслар ислеп шығыўдан ибарат болып, усы мақсетке ерисиў менен байланыслы бир қатар ўазыйпалар келип шығады, биз оларды төмендегише белгилеп алдық;

- пахташылық тараўының экономикалық мазмунын илимий көз-қарастан үйрениў ҳәм ашып бериў;

- социал-экономикалық реформалар тереңлесип атырған дәўирде экономикада пахташылық тараўының салмағын үйрениў ҳәм оларды баҳалаў;

- пахташалық тараўын шет ел тәжирийбесин үйрениў тийкарында оларды теориялық анализ еткен ҳалда оларды республикамыз пахташылық тараўында қоллаў менен байланыслы бағдарларды анықлаў;

- пахташылық тараўы механизминдеги бар болған машқалалар ҳәм олардың себеплерин анықлаў;

- пахташылық комплекси менен байланыслы машқалаларды шешиў менен ҳәмде әмелдеги бар механизмниң нәтийжесин тәмийнлеў менен байланыслы илимий тийкарланған усынысларды ислеп шығыў ҳәм сол сыяқлылар.

**Магистрлик диссертация жумысының объекти.** Жумыстың излениў объектин пахташылық комплекси системасының әҳмийетли буўыны болған пахта жетилистириў ҳәм пахта санаатының өзгешеликлери, олардағы бар машқалалар ҳәмде оларды жетилистириў процессии менен байланыслы қатнасықлар қурайды.

**Диссертация жумысының предмети.** Экономикалық еркинлестириў шәраятында Қарақалпақстан Республикасы пахташылық тараўы ҳәм пахта тазалаў санааты кәрханалары жумысларын нәтийжели басқарыў, экономикалық көрсеткишлерин анализлеў ҳәм болжаў машқалалары диссертация жумысының предмети болып есапланады.

**Излениўдиң мағлыўмат базасы болып** Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы пахташылық тараўы ҳәм пахта тазалаў санааты мағлыўматлары, Қарақалпақстан Республикасы «Хожели пахта мамығы ААЖ» нен алынған мағлыўматлар, интернеттиң тийисли сайт мағлыўматлары, алдыннан ғалаба хабар қуралларында баспа қылынған рәсмий ҳәм анализлик мағлыўматлары хызмет қылады.

**Иззертлеўдиң теориялық ҳәм методологиялық тийкары болып**, Өзбекстан Республикасы Президенти И. Каримов шығармалары, Пәрманлары, Министрлер Кеңесиниң қарарлары, Пахта тазалаў санаатын раўажландырыў ҳәм мәмлекетимиз сыртқы экономикалық сиясаты

мәселелерине тийисли Президент И.А.Каримовтың мийнетлери, Өзбекстан Республикасының нызамлары, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарлары, дүнья жүзи ҳәм Өзбекстан Республикасы илимпазларының Республика экономикасын үйрениўге бағышланған мийнетлери, сондай-ақ, темаға байланыслы илимий ҳәм оқыўлық әдебиятлары, ҳәмде автордың излениўлери тийкарындағы идеялары ҳәм пикирлери есапланады.

**Изертлеў методлары.** Усы теманы үйрениў процессинде системалы ҳәм дәстүрий мақсетли жантасыўлар, функционал– қунлы анализ, комплекс экономикалық анализ, қурамлық – функционал анализ ҳәм статистикалық методлардан пайдаланылады.

**Изертлеўдиң илимий жақтан жаңалығы** сыпатында – пахташылық тараўы ҳәм пахта тазалаў кәрханаларын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыўды анализ етиў тийкарында олардың өзине сәйкес усылларын Өзбекстан Республикасының экономикасының өзине тән қәсийетлерин есапқа алған ҳалда анықлаў ҳәм анализ етиў.

- пахта тазалаў кәрханаларын раўажландырыўға жаңаша қарап мәлим шараятларды ишки ҳәм сыртқы базарға шығыўда базы бир машқалаларды ашыў ҳәм керекли усынıслар бериў.

-пахташылық тараўының ҳәзирги дәўирдеги жағдайының анализинен келип шыққан ҳалда исленген илимий жуўмақлар ҳәмде пахташылық тараўын жетилистириўде бар болған машқалалардың анықланыўы ҳәм оларды сапластырыў менен байланыслы илимий усыныслардың ислеп шығылыўы.

**Диссертация жумысының теориялық ҳәм әмелий әҳмийети** соннан ибарат, диссертацияда баян етилген тийкарғы теориялық ҳәм әмелий усыныслардан пахташылық комплексин жәнеде жетилистириў менен байланыслы мәмлекет сиясатына байланыслы шараларды ислеп шығыўда, тийисли нызам ҳәм норматив ҳүжжетлерди жаратыў ҳәм ислеп шығыўда,

пахташылық тараўына байланыслы илимий излениў жумысларын жәнеде байытыўда үлкен әҳмийетке ийе болады.

**Диссертация жумысының дүзилиси.** Диссертация кирисиў, 3 бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әебиятлар дизиминен ибарат.

Диссертация жумысының кирисиў бөлиминде теманың актуаллығы, машқаланың үйренилгенлик дәрежеси, магистрлик диссертация жумысының мақсети ҳәм ўазыйпалары, объекти ҳәм предмети, изертлеўдиң теориялық ҳәм методологиялық тийкары, илимий жақтан жаңалығы, диссертация жумысының теориялық ҳәм әмелий әҳмийети, дүзилиси берилген.

Диссертация жумысының бирinши бабы пахташылық комплексинде өним жетистириўдиң ҳәзирги жағдайы ҳәм оның нәтийжелилигин арттырыў жоллары бойынша, пахташылық тармағы экономикасын еркинлестириў дәрежесине баҳа бериў усыллары, пахташылық тармағында өним жетилистириўди раўажландырыўдың ҳәзирги жағдайы ҳәм келешеги ҳәм пахташылық комплексинде экономикалық қатнасықлардың әҳмийети ҳәм ғоза сортларын жайластырыўдың ҳәзирги жағдайлары изертленип анализленген.

Екинши бапта Өзбекстанда пахта тазалаў санаатында бәсекишиликти ҳәм пахта туқымшылығы раўажланыўын қәлиплестириў бойынша, мәмлекетимиздиң пахта экспортының дүнья пахта экспортындағы орны, Өзбекстан пахтасының экспорттағы ролин арыттыў жоллары ҳәм Республикамыз аўыл хожалығында пахташылық тараўының раўажланыў жағдайлары үйренилген ҳәм бул жағдай бойынша пикир ҳәм усыныслар келтирилип өтилген.

.Магистрлик жумыстың үшинши бабында, мәмлекетимизде пахта санаатын раўажландырыў перспективалары бойынша, пахтаны қайта ислеў санаатының тийкарғы ўазыйпалары ҳәм оны раўажландырыў илажлары ҳәм пахтаны қайта ислеў санаатының тийкарғы ўазыйпалары ҳәм оны раўажландырыў илажлары изертленген.

Магистрлик диссертация жумысының жуўмақлаў бөлиминде таңланған тема бойынша усыныслар келтирилген.

# I-БАП. ПАХТАШЫЛЫҚ КОМПЛЕКСИНДЕ ӨНИМ ЖЕТИЛИСТИРИЎДИҢ ҲӘЗИРГИ ЖАҒДАЙЫ ҲӘМ ОНЫҢ НӘТИЙЖЕЛИЛИГИН АРТТЫРЫЎ ЖОЛЛАРЫ

## 1.1. Пахташылық тармағы экономикасын еркинлестириў дәрежесине баҳа бериў усыллары

Пахташылық тармағы экономикасын еркинлестириў бул алдын-ала тараўда басқарыў системасын еркинлестириў, басқарыў функцияларын көбирек төменги буўынларға бериў, исбилермен дийхан ҳуқықларын қорғаў ҳәм ислеп шығарыў жуўмақлары ушын жуўапкершиликти асырыў, жерге, мүлкке, жетистирген өнимге ийелик қылыў механизмин жетилистириў, өнимге баҳа белгилеў, жетистирилген өнимди еркин сатыў имканияты, материаллық-техникалық ресурслар тәмийнаты мәселеси, сервис системасын раўажландырыў, аўыл хожалық кәрханалары хызметин финансластырыў ҳәм кредитлестириў системасын еркинлестирип барыў, салық ҳәм қамсызландырыў механизмин жетилистириў мәселелерин шешиў менен биргеликте жүз бериўи лазым.

Егерде мәмлекетимизде пахташылық тармағы жүдә көплеп тармақлар хызмети ушын зәрүр болған тармақ: мәмлекетимиздиң жәҳан пахта базарындағы орны ҳәм абырайын белгилейтуғын тармақ; аўылларда бар болған жүдә көплеп мийнет ресурсларын ис пенен бәнт қылатуғын тармақ болғаны ҳалда, өним жетистириў дийхан ушын кем дәрамат келтириўши тараў болып қалаберетуғын болса, пахташылық тармағы экономиканы көтериў имканиятларынан пайдаланыў қурамалысады.

Базар қатнасықлары еркин базар ушын өним ҳәм хызметлер ислеп шығарыў менен байланыслы жаңаша ислеп шығарыў қатнасықларын талап етер екен, бунда биринши нәўбетте аўыл хожалығы кәрханалары

экономикалық еркинлиги дәрежесин асырыў, олардың ислеп шығарыў хызметине мәмлекет басқарыў ҳәм қадағалаў мекемелери араласыўын кескин кемейиттириў талап етиледи.

Аўыл хожалығын реформа қылыўда ең тийкарғы мәселе сыпатында өним жетистириўши дийханның жерге, ислеп шығарыўға тартылған мал-мүлкке ҳәм өз мийнети нәтийжелерине ийелик қылыўы ушын шәрт-шараятлар жаратыўға тийкарғы итибар қаратылыўы лазым.

Республика пахташылық тармағында әмелге асырылып атырған экономикалық реформалар нәтийжесинде пахта шийки затын жетистириўши хожалықлар сыпатында тийкарынан жеке мүлк ийеси атынан хызмет жүритиўши фермер хожалықлары барған сайын кең раўажланып барып атырғанлығы, оларды раўажландырыўға мәмлекет тәрепинен өз-алдына әҳмийет берилип атырғанлығы дәлийли болып табылады.

Мәмлекет аграр тармағын реформа қылыў ушын жаратылған нызамлар, Президент Пәрманлары, ҳүкимет қарарлары ҳәм басқа усы сыяқлы ҳуқықый ҳәм норматив ҳүжжетлердиң әмелге асырылыўы ушын нәтийжели орынлаў механизмлериниң ислеп шығылыўы ямаса оларды орынлаў ушын шәрт-шараятлар жаратылыўы үлкен унамлы имканиятлар гиреўи есапланады.

Мәселен, бир тәрептен өним жетистириўши дийханның экономикалық еркинлиги, материаллық мәпдарлығын тәмийинлеў, оның ислеп шығарыў хызметине административлик басқарыў мекемелери араласыўын кемейиттириў бойынша норматив ҳүжжетлер қабыл қылыныўы менен биргеликте, жайларда административлик басқарыў мекемелери, әсиресе, жергиликли басқарыў мекемелери пахташылықта реже орынлаў дәрежеси менен фермерге баҳа бериўди даўам еттиретуғын болса, күтилген нәтийжелерге ерисиў қыйынласады. Бул жерде рժениң орынланбаўы себеплерин қыдырыў лазым болады. Себеби көпшилик жағдайларда объектив себеплер ямаса реже көрсеткишлериниң бар имканиятларының

жоқары белгилениўи де фермер хожалығы хызмети нәтийжелерине кери тәсир көрсетиўи мүмкин.

Режени орынламаслық басқарыў мекемелериниң пахтакеш дийханның ислеп шығарыў-хожалық хызметине тиккелей араласыўына ямаса фермер тәрепинен режелерди орынлаў ушын түрли экономикалық ҳәм экономикалық емес рычаглардан пайдаланыўына орталық туўдырмаслығы керек. Оның объектив себеплерин сапластырыўға итибар қаратыў лазым болады.

Анализлер көрсетиўинше пахташылық хожалықлары жетистирген пахта шийки заты ушын монопол базардың бар екенлиги яғный, жетилистирилген шийки затты таярлаў ҳәм қайта ислеў кәрханаларының монополиялық жағдайы, пахтакеш дийханлар материаллық мәпдарлығының артыўына шараят жаратпайды. Бул болса қәрежетлерди кемейиттириў тийкарында пайда алыўға умтылыў, жаңа техника ҳәм технологияларды енгизиўге фермердиң қәбилетсизлигин келтирип шығарыўға себеп болыўы мүмкин.

Сол себептен де тармақ экономикасын еркинлестириў үлкен әҳмийетке тийисли ўазыйпа болып, оны әмелге асырыў механизмлери избе-излик болыўы лазым. Сондай-ақ, тармақ экономикасының еркинлиги дәрежесине Баха бериўде бул бойынша бүгинги ерискен нәтийжелеримиз, оларды кеңейиттириўге имканиятлары қандайлығы туўрысында жуўмақ шығарыў талап етиледи.

Экономиканы еркинлестириў көрсеткишлери биринши нәўбетте, аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўши дийханның экономикалық еркинлиги дәрежеси арқалы сәўлелениўи лазым болсада, усы көрсеткишке салыстырмалы баҳа бериў ушын мәлим теориялық исленбелер ҳәм усылларға ийе болыўымыз лазым болады.

Сондай қылып, республикамыз пахташылық тармағында бар болған экономикалық жағдайларды есапқа алған ҳалда, тармақ экономикасын еркинлестириўдиң тийкарғы бағдарлары сыпатында төмендегилерди қабыл қылыў мақсетке муўапық:

-өним жетистириўши дийханның мүлклик ҳуқықларын кепилленгенлиги дәрежеси бойынша;

-өним жетистириўши дийханның исбилерменлик хызмети еркинлиги кепилленгенлиги дәрежеси бойынша;

-өним жетистириўши дийханның ресурслар ҳәм хызметлер базарындағы таңлаў еркинлиги кепилликлери дәрежеси бойынша.

Усы көрсеткишлер бизиңше, бүгинги күнде бар болған шәрт-шараятларды есапқа алатуғын болсақ, аўыл хожалығы товар ислеп шығарыўшылары экономикалық еркинлиги ҳәм пахташылық тармағы экономикасын еркинлестириў дәрежесин белгилеп береди.

Усы көрсеткишлер аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыў экономикалық жуўмақларына түрлише дәрежеде тәсир көрсетеди, улыўма алғанда ислеп шығарыўды раўажландырыў, бар болған агроресурслардан пайдаланыў нәтийжелилигин асырыўда үлкен әҳмийетке ийе болады.

Еркин базар шараятында бар болған мал-мүлктен ислеп шығарыў процессинде пайдаланыў болса фермерге мал-мүлк ушын сарып қылған қаржысына қарағанда көбирек дәрамат келтириўи лазым. Яғный, фермердиң пахташылық тараўына тартылған мал-мүлк (ислеп шығарыў қураллары ҳәм мийнет предмети көринисинде) өз ийесине еркин базар шараятында ресурслар нәтийжели бөлистирилиўи арқалы қосымша қун келтириўи керек.

Демек, буннан жуўмақ кылатуғын болсақ, фермердиң мал-мүлкке ийелик қылыў ҳуқықы кепилленгенлиги дәрежеси, оның меншигиндеги мал-мүлктиң, базардағы альтернатив таңлаў шараятында келтириўи мүмкин болған реал қосымша қун муғдары менен өлшениўи керек.

Гөрек техникалық егинлер топарына киреди. Олар өз гезегинде йиғирув ҳәм азық-аўқат өнимлерин бериўши  ҳәм басқа топарларға бөлинеди. Йиғирув өнимлерин бериўши егинлерге ғоза, зиғир, кенаф, жут ҳәм басқалар киреди. Азық-аўқат өнимлерин бериўши егинлер топарына болса қанд

ләблеби, май бериўши, дәри-дәрмақлар, шегиў ушын темеки ҳәм махорка., каучук бериўши ҳәм басқалар киреди.

Жер жүзинде 80 ге жақын, Өзбекистанда болса 40 қа жақын техникалық егинлер егиледи. Олардың ишинде гөрек тийкарғы егин есапланады. Гөрек жетилистириўден пахта шийки заты ҳәм ғўзаяпоя алынады. Пахта шийки затын бирлемши қайта ислеў процессинде пахта таласы ҳәм шигит алынады. Әдетте, пахта таласының шығыўы 30-35, шигити болса-60-65 процентти қурайды. Бир тонна пахта шийки затын қайта ислеўде 3000 м.куб. қа жақын гезлеме, 100-110 кг ақ май, 200-250 кг гунжара, 50-60 кг шелуха, 10 кг хожалық сабыны ҳәм басқа да өнимлер ислеп шығарылады.

Пахташылық универсал тармаққа айланып бармақта. Оның тийкарғы өнимлери пахта шийки заты ҳәм пақалын қайта ислеў процессинде 1200 ден артың санаат өнимлери алынады. Өзбекстан Республикасы тоқымашылық санааты шийки заты балансында пахта таласы 70 процентти, өсимлик майы санаатында шигит 90 процентти қурайды.

Пахта шийки затынан гезлеме, жип, мамық, жасалма жипек, тоқымашылық ҳәм басқада бир неше буйымлар ислеп шығарылады. Шигиттен ең арзан май, маргарин, сабын, глицирин ҳәм басқада өнимлер, шигит қалдығынан болса гунжара, шелуха алынады. Пахта тазалаў ҳәм май заводлары шығындыларынан изоляция материаллары, целлюлоза, спирт, линолиум, лак, ҳәр қыйлы бояўлар, кина плёнкасы ҳәмтағы басқада көплеген товарлар таярланады.

Ғўза жапырағында органикалық кислоталар, соннан, сирке, лимон, алма кислоталары алынады. Пақалдан дағал қағаз, картон, фанер ҳам тағы басқа материаллар ислеп шығарылады. Шигиттен алынатуғын шелуха шарўа маллары ушын тойымлы азықлық зат есапланып, онда гидролиз санаатында шийки зат сыпатында пайдаланылатуғын, фурфулон ҳәм техникалық спирт алынады. Фурфулоннан смола, пластмасса, капрон, синтетик тала, алиф, ҳәр қыйлы дәри дәрмақлар ҳәм басқа да өнимлер алынады. Ҳәр бир гектар ғўза

гуллеринен бир мәўсимде 60-70 кг бал өнимин алыў мүмкин. Ҳәрре бағыўшыларды шөлкемлестириў есабынан ғозаның шаңланыў сыпаты түптен жақсыланады ҳәм оның ҳасылдарлығы 2-3 центнерге асады.

## 1.2. Пахташылық тармағында өним жетилистириўди раўажландырыўдың ҳәзирги жағдайы ҳәм келешеги

Өзбекстанда пахташылық еки ярым мың жылдан бери раўажланады. Бирақ, оның жоқары нәтийжелигинен пайдаланыў айрым тарийхый дәўирлерде кесин парықланады. Буны тийкарғы ислеп шығарыў көрсеткишлеринен де көриўге болады (1-кесте).

1-кесте

**Айрым тарийхый дәўирлерде пахташылықтың тийкарғы ислеп шығарыў көрсеткишлери**

| Жыллар | Егин майданы, мың га. | Жалпы пахты шийки заты мың тонна | Гектарынан өнимдарлық, ц |
|---|---|---|---|
| 1860 | 36,0 | 25,0 | 7,0 |
| 1913 | 429,3 | 521,7 | 12,2 |
| 1920 | 93,0 | 31,0 | 3,3 |
| 1940 | 947,7 | 416,0 | 14,9 |
| 1945 | 779,4 | 850,0 | 10,9 |
| 1960 | 1449,6 | 2949,0 | 20,9 |
| 1990 | 1830,0 | 5058,0 | 27,6 |
| 2000 | 1441,4 | 3002,0 | 20,8 |
| 2008 | 1455,6 | 3530,0 | 24,3 |

Орайлық Азия мәмлекетлери, соннан Өзбекстанды Россия басып алғанға шекем пахташылық ҳәм оның менен туўрыдан-туўры байланыслы болған халық хожалығы тармақлары жүдә пәст дәрежеде раўажланған еди. Мәселен, Өзбекстанда 1860-жылы 25,0 мың тонна пахта шийки заты ислеп шығарылған, бул мәмлекеттиң ишки мүтәжликлерин қанаатландырмаған.

Ҳәр гектарынан пахта өнимдарлығы 7 ц., таланың шығыуы 20-22%, тала узынлығы болса 20-21 мм болған. Пахта шийки затын ислеп шығарыў, оны қайта ислеўде әпиўайы көп қураллардан пайдаланылған, оны ишки базарларда сатыў базарлары шегараланған, сыртқы базарға шығарыў ушын транспорт қуралларыда раўажланбаған.

Россияның орайлық ҳәм басқада аймақларында тоқымашылық санаатының раўажланыўы оның шийки зат базасын жаратыўды талап етти. Бул ўазыйпаны тезирек орынлаў мақсетинде Россия Туркистан аймағында темир жол, пахтаны бирлемши қайта ислеўши заводлар, каналлар қазыў ҳәм басқада зәрүрли ислеп шығарыў қуралларын көбейтиў ҳәм жетилистириўге капитал қойылмалар көлемин кеңейттирди.

Нәтийжеде пахта шийки затын ислеп шығарыў көлеми салыстырмалы тезлестирилди. Мәселен, 1913-жылда Өзбекстанда 521,7 мың тонна ямаса 1860-жылға салыстырғанда 21 мәртебе көп пахта шийки заты ислеп шығарылды. Жалпы пахтаның көбейиўи ғоза егин майданларының кеңейиўи ҳәм оның өнимдарлығының асыўы есабынан ерисилди.

1920-жылда 1913 жылға салыстырғанда пахта жалпы өнимлери 17 мәртебе кемейди, егин майданлары 20 мәртебе қысқарды ҳәм гектарына өнимдарлық-2,7 мәртебе пәсейди. Пахташылықтағы бундай түскинлик бул жыллары әмелге асырылған экономикалық реформалардың ҳәмде пухаралық урысының нәтийжеси болып табылады.

Пухаралар урысынан кейин Өзбекстанда суўғарылатуғын жерлердиң майданын көбейтиў, пахта тухымшылығын түптен жақсылаў ҳәм басқада ис-илажларды әмелге асырыў пахта шийки затын тезрек көбейтиўге шараят жаратты. Жалпы пахта өними 1940-жылы 1920-жылға салыстырғанда 47,5 мәрте, 1913-жылға салыстырғанда 2,5 мәртебе көбейди.

Екинши жәҳән урысы жылларында тәжрийбели мийнетке жарамлы пахтакешлердиң армияға алыныўы, техникалық ресурслардың кемейип

кетиўи ҳам басқада объектив ҳәм субъектив кемшиликлердиң нәтийжесинде 45% кем жалпы пахта өними алынған.

1960-1990-жылларда пахташылықта интенсив ҳәм экстенсив жоллардан кең пайдаланыўдың есабынан жалпы пахта өними кескин көбейди. Оның көлеми 1990-жылда 1940-жылға салыстырғанда 3,6 мәрте, 1960 жылға салыстырғанда болса - 1,7 мәрте көбейди. Өзбекстан республикасы пахташылығында 1980-жылда гектарынан ең жоқары өним (29,7 ц.) ҳәм жалпы өним (5750 мың тонна) алынған ҳәм дүньяда екинши орынды ийелеген.

Өзбекстанның ғәрезсиз мәмлекет болып раўажланыў жылларында жалпы ишки өним кемейди. 2000 жылда республика 3002 мың тонна яғыный 1990-жылға салыстырғанда 41% ке кем пахта шийки заты ислеп шығылды. Бул жылларда егин майданы 21,3% ке қысқарды, гектарына өнимдарлық болса 24,6% ке пәсейди. Пахташылықта бундай жағдайларға жол қойыў объектив ҳәм субъектив факторларға байланыслы болды.

Ғәрезсиз раўажланыў жылларында пахта майданын қысқартыў есабынан суўғарылатуған ғәлле, айнықса, бийдай ислеп шығарыў көбейтирилди. Суўғарылатуғын жерлердиң мелиоратив жағдайының төменлеўи, минерал төгинлер нормасының кемейиўи, суў тамтарыслығы ҳәм тағы басқалар гектарынан алынатуғын өнимдарлыққа кери тәсир етти. Бирақ гөрек егилетуғын майданлардың кемейиўине қарамастан Өзбекстанда оның жалпы көлеми бойынша дүньяда 5, пахта таласын дүнья базарында сатыў бойынша 2 орынларда турар еди.

2004-жылдың өзинде пахта майданы 1455,6 мың гектарға шекем көбейтип, жалпы өним 3530,0 мың тоннаны қурап, өнимдарлық 24,3 центнерге шекем жеткерилди.

Өзбекстан пахташылығында раўажланыў ўазыйпасы оның жалпы көлемин кескин кемейтирмеслик, оның сыпатын жақсылаў, тийкарғы бөлеген регионда қайта ислеў есапланады. Пахташылық ҳәм оның менен байланыслы

болған халық хожалығы тармақларын интенсив раўажландырыў, бар болған мийнет, жер, суў ҳәм басқада материаллық ресурслардан пайдаланыў нәтийжелилигин асырыў, республика экономикасының турақлы өсиўине реал жағдай жаратады.

Республикамыз аграр экономиксының раўажланыўы ҳәм улыўма мәмлекет экономикасы ушын пахта жетистириў ҳәм пахташылық өнимлерин экспорт қылыў әҳмийетли финанслық дерек есапланады. Сол себептен де пахташылық тараўы мәмлекет ушын стратегиялық әҳмийетке ийе тараў болып, пахташылық тараўында экономикалық теформаларды тереңлестириўге үлкен әҳмийет қаратылмақта.

Пахташылық тараўындағы пән раўажы, тармақта заманагөй техника ҳәм технологиялар қолланылыўы, пахташылық ушын техника қуралларын ислеп шығарыў санааты раўажланыўы дәрежеси, жаңа агротехникалық методлардың жаратылыўы, ғоза селекциясы ҳәм тухымшылығы бойынша топланған жоқары илимий потенциалы, тармақта топланған тәжирийбелер ҳәм таярланған тәжирийбели қәнигелер бүгинги күнде республикамыздың жәҳанның жетекши пахта жетистириўши мәмлекетлеринен бирине айланыўына тийкар жаратты.

Соның ишинде, Қарақалпақстан Республикасында да аграр тармақтын экономикалық раўажланыўында аўыл хожалығының салмақлы орын ийелеўинде биринши нәўбетте, пахташылық тараўының әҳмийети жоқары. Пахтакеш дийхан бүгинги күнде өз мийнети нәтийжесинде жоқары дәрамат алып, ислеп шығарыўда раўажландырыў менен шуғылланар екен, исбилерменлик көнликпелерин ийелемекте.

Бирақ, соның менен биргеликте, пахташылық тараўын тез ҳәм турақлы раўажландырыў бағдарындағы реформаларды тереңлестириўге ҳәзирде қатар факторлар тәсири тосық болмақта. Усы унамсыз факторлардан ең тийкарғылары сыпатында төмендегилерди көрсетиў мүмкин.

-пахта шийки затын сатып алыў тараўында монопол базардың бар болыўы, яғный пахта шийки затын сатып алыўшы системанын (пахта тазалаў заводлары) монопол жағдайы ҳәм усы пайытта пахта жетистириўши субъектлердиң жеке ҳәмде тармақ жағдайы монопол системаның кери нәтийжелери тәсирин белгилеўи;

-жетилистирилген пахта шийки заты ушын белгиленип атырған баҳалар биринши нәўбетте дүнья пахта базарындағы баҳалардың турақсызлығы жетилистирип атырған өним баҳасына да кери тәсир көрсетпекте.

-пахта шийки заты ҳәм пахташылық ушын зәрүр болған санаат өнимлерин ислеп шығарыўшы кәрханаларда өнимге баҳаның қәлиплесиўи процесси түрлише методлар менен әмелге асырылмақта.

-кери жағдайларда аўыл хожалығында, әсиресе пахташылық хожалықларында пахта ислеп шығарыў режесин орынлаў артынан қыўыўдың даўам етиўи, алмаслап егиў системасының изден шығыўына алып келмекте. Бул болса топырақ өнимдарлығы ҳәм мелиоратив жағдайы жаманласыўы арқалы, аўыл хожалығы егинлери өнимдарлығының пәсейиўине себеп болады.

Соның ушын да соңғы жылларда республикамызда егин майданлары қурамын оптималластырыў, соның ишинде пахта егин майданлары муғдарын қысқарттырыў бағдарындағы илажлар әмелге асырылмақта. Нәтийжеде Қарақалпақстан Республикасы бойынша пахта майданлары соңғы он жыллықта сезилерли кемейген. (-кесте)

Анализлер көрсетиўинше, Қарақалпақстан Республикасы бойынша жәми пахта егин майданлары 1996 жылда 145500 гектарды ҳәм жәми егин майданлардың 36,8 процентин қураған болса, 2008 жылға келип болса пахта егин майданлары 106167 гектарға кемейип, бул 1996 жылға салыстырғанда 73,0 процентти қураған ҳәм 27 процентке кемейген. Сондай-ақ, кемейиў пахта майданларының жәми егин майданлары қурамындағы салмағында да гүзетиледи. Буған пахта майданларының кемейиўи менен биргеликте жәми

егин майданларының үйренилип атырған жылларда 161,2 мың гектарға кемейгенлигиде тәсир көрсеткен.

Изертлеў нәтийжелерине сүйнетуғын болсақ, келешекте Қарақалпақстан Республикасы бойынша пахта егин майданлары суў тәмийнаты жақсы болған дәўирлерде 95-100 мың гектар әтирапында болыўы мақсетке муўапық. Себеби бул муғдар суў тәмийнаты жақсы болған жылларда жәми егин майданларының 25-30 процентин қурайды ҳәм бундай салмақтағы пахта майданлары Қарақалпақстан Республикасы аўыл хожалығында илмий тийкарланған алмаслап егиў системасына әмел етиў имканын жаратып береди.

**2-кесте**

**Қарақалпақстан Республикасы бойынша пахта майданы салмағының өзгерис динамикасы**[2]

| Жыллар | Жәми егин майданы (мың га) | Пахта майданы (мың га) | Пахта егин майданы салмағы (%) | Пахта майданы 1996 жылға салыстырмалы (%) |
|---|---|---|---|---|
| 1996 | 395,8 | 145,5 | 36,8 | - |
| 1997 | 411,2 | 146,6 | 35,6 | 100,7 |
| 1998 | 407,7 | 146,9 | 36,0 | 100,9 |
| 1999 | 405,8 | 151,3 | 37,3 | 103,9 |
| 2000 | 398,8 | 145,4 | 36,8 | 99,9 |
| 2001 | 337,4 | 129,8 | 38,5 | 89,2 |
| 2002 | 173,5 | 83,4 | 48,1 | 57,3 |
| 2003 | 184,1 | 74,0 | 40,2 | 50,8 |
| 2004 | 285,8 | 91,5 | 32,0 | 62,9 |
| 2005 | 251,2 | 102,9 | 41,0 | 70,7 |
| 2006 | 238,5 | 103,9 | 43,6 | 71,4 |
| 2007 | 252,8 | 106,7 | 42,2 | 73,3 |
| 2008 | 234,6 | 106,2 | 45,3 | 73,0 |

Айрым жағдайларда гүзетилген өнимдарлығы пәст, топырақ шорланыўы жоқары болған егин майданларына да пахта егилиўи жағдайлары ушыраўы, пахта жетистириўши фермер хожалықлары экономикасына финанслық зыян

[2] Дерек: ҚР Мәмлекетлик статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында

келтиреди. Бул зыянды республика экономикасына келтирилген зыян сыпатында баҳалаў лазым. Себеби өз-алдына хожалық жүритиўши субъектлер хызмети нәтийжелери жәмийет орталығында миллий экономика хызмети жуўмақлары сыпатында баҳаланады.

Пахта өнимдарлығының пәстлиги де әсиресе жоқарыдағы себеп- өнимдарлығы пәст жерлерге де пахта егилиўи менен тәриплениўи мүмкин. Әмелге асырылған изертлеўлер көрсетиўинше 1995-2008 жыллар даўамында Қарақалпақстан Республикасы бойынша пахта шийки заты орташа өнимдарлығы бир қатар өсип барған болсада, текғана 2005 жылда (1995 жылда 19,8 ц/га) 20 центнерден асқан. Басқа жылларда 9-14 центнер әтирапында өзгерип турған болып тийкарынан пәсейип барыў жағдайында өзгерис сезиледи (3-кесте).

**3-кесте**

**Қарақалпақстан Республикасында пахта шийки заты ҳәм тала өнимдарлығы өзгериси[3]**

| Жыллар | Шийки зат өнимдарлығы (ц/га) | 1995 жылға салыстырмалы өнимдарлық,% | Тала шығысы, салмағы (%) | Тала өнимдарлығы (кг) | 1995 жылға салыстырғанда өнимдарлық |
|---|---|---|---|---|---|
| 1995 | 19.8 | - | 32,8 | 650,8 | - |
| 1996 | 13,9 | 70,2 | 31.4 | 437,2 | 67,2 |
| 1997 | 18.3 | 92,4 | 31,2 | 573,2 | 88,1 |
| 1998 | 10,4 | 52.5 | 31,6 | 327,8 | 50,4 |
| 1999 | 13,0 | 65,6 | 31.1 | 405,1 | 62,2 |
| 2000 | 9,7 | 49,0 | 33,2 | 321ё,3 | 49,4 |
| 2001 | 13,4 | 67,7 | 32,9 | 441.2 | 67,8 |
| 2002 | 9,8 | 49,5 | 31.5 | 309,4 | 47,5 |
| 2003 | 9,6 | 48,5 | 31,8 | 306,0 | 47,0 |
| 2004 | 17,9 | 90,4 | 31,5 | 564,6 | 86,7 |
| 2005 | 20,6 | 104,0 | 32.3 | 664,4 | 102,2 |
| 2006 | 19,1 | 96,5 | 33,1 | 632,2 | 97,1 |
| 2007 | 19,2 | 96,9 | 34,1 | 633,1 | 97,2 |
| 2008 | 19,3 | 96,8 | 34,7 | 640,2 | 98,1 |

[3] Дерек: ҚР Мәмлекетлик статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында

Қарақалпақстан Республикасы бойынша пахта өнимдарлығы пәстлиги ҳәм пәсейип барыўы, пахта таласы өнимдарлығының пәсейиўине де себеп болған. Себеби, тала шығысы салмағыда үлкен өзгерислер болмаған ҳалда, тала өнимдарлығы 1995 жылдағы 650,8 килограмнан пәсейип барған. Бирақ 2005-2008 жылларда (633,1) өсиў гүзетиледи.

Қарақалпақстан Республикасы бойынша үйренилип атырған жыллар даўамында пахта егин майданлары абсолют муғдары ҳәм пахта өнимдарлығы пәсейиўи себепли, улыўма ислеп шығарылған пахта шийки-заты муғдары да кемейип барған. Әсиресе, 1995 жылда 288,2 мың тонна пахта шийки заты ҳәм 94,7 мың тонна тала ислеп шығарылған болса, 2007 жылға келип шийки зат ислеп шығарыў көлеми 196,1 мың тоннаны қурап, бул 1995 жылға салыстырғанда 68,1 процентке тең болса, тала ислеп шығарыў болса 94,7 мың тоннадан 61,9 мың тоннаға кемейип кеткен ҳалда, 1995 жылға салыстырғанда 65,3 процентти қураған (4-кесте).

**4-кесте**

**Қарақалпақстан Республикасы бойынша пахта шийки заты ҳәм тала жетистириў муғдарының өзгериси[4]** (мың тонна)

| Жыллар | Шийки зат ислеп шығарыў муғдары | Шийки зат ислеп шығарыў 1995 жылға салыстырмалы, (%) | Тала ислеп шығарыў муғдары | Тала ислеп шығарыў 1995 жылға салыстырмалы (%) |
|---|---|---|---|---|
| 1995 | 288,2 | - | 94,7 | - |
| 1996 | 203,9 | 70,7 | 64,1 | 67,7 |
| 1997 | 269,5 | 93,5 | 84,2 | 88,9 |
| 1998 | 156,6 | 54,3 | 49,6 | 52,4 |
| 1999 | 189,4 | 65,7 | 58,9 | 62,2 |
| 2000 | 125,4 | 43,5 | 41,7 | 44,0 |
| 2001 | 111,6 | 38,7 | 36,8 | 38,8 |
| 2002 | 72,6 | 25,2 | 22,9 | 24,2 |
| 2003 | 88,0 | 30,5 | 28,0 | 29,6 |
| 2004 | 184,1 | 63,9 | 58,1 | 61,4 |
| 2005 | 212,6 | 73,8 | 63,0 | 66,5 |
| 2006 | 193,7 | 67,2 | 64,5 | 68,1 |
| 2007 | 196,1 | 68,1 | 61,9 | 65,3 |
| 2008 | 185.4 | 66.2 | 60,4 | 63,7 |

[4] Дерек: ҚР Мәмлекетлик статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында

Факторлар бойынша анализ қылатуғын болсақ, пахта шийки затын ислеп шығарыў абсолют муғдары кемейиўинде тийкарынан пахта егин майданлары кемейиўи себеп болған. Себеби пахта егин майданлары муғдары үйренилип атырған жыллар даўамында 26,7 процентке кемейгени ҳалда, орташа өнимдарлық дийерли өзгермеген.

Аграр тармақта базар қатнасықлары раўажланып барыўы, пахташылық тармағын раўажландырыў келешеклерин белгилеў процессинде базарға тән болған машқалаларды шешиў баслы мәселе сыпатында алдыға сүрмекте. Бул машқала ең алды менен, пахташылық тармағы хызмети текғана макроэкономикалық көлемде сондай-ақ, микроэконмикалық көлемде пайда менен ислеўи лазымлығы есапланады.

Бизге мәлим пахташылық өнимлерин ислеп шығарыў бойынша мәмлекетимиз жәҳан базарында жетекши орынға ийе болып, бәсекеге шыдамлы өним менен қатнасады. Сол себептен, пахташылық өнимлери макроэкономикалық көлемде жоқары дәрамат келтириўши өним есапланады. Бирақ, микроэкономикалық көлемде жағдай Қарақалпақстан Республикасы мысалында пахта жетистириўши фермер хожалықларының экономикалық жағдайын жақсылаў илажларын әмелге асырыўын талап етпекте.

Усы бөлимде қойылған мәселе жүзесинен алып барылған изертлеўлер нәтийжелери сыпатында, Қарақалпақстан Республикасында пахта шийки затын жетистириў экономикалық нәтийжелилигин асырыўға тосық болып атырған төмендеги тийкарғы факторлар бар екенлигин көрсетип өтиў мүмкин болады:

-пахташылық хожалықларының хызмети нәтийжесинде пәст дәрежедеги пайда муғдары гүзетилиўи, биринши нәўбетте Арал экологиялық машқаласы менен байланыслы ҳалда пахта егин майданлары мелиоратив жағдайы жаманласыўы, топырақ өнимдарлығы пәсейиўи, шорланыў дәрежеси артыўы процессии менен байланыслы;

-пахташылық тармағы ушын зәрүр болатуғын материаллық-техникалық ресурслар баҳаларының өсиўи, пахта шийки зат баҳасының өсиўиниң жоқарылығын, пахташылық хожалықларының төлеў қәбилетиниң пәсейиўи ҳәм материаллық-техникалық базасының жаманласыўына алып келиўши фактор сыпатында баҳалаў мүмкин;

-пахташылық тармағында микроэкономикалық көлемде дәраматлылық дәрежесиниң пәстлиги, тараўдан тәжирийбели қәнигелердиң басқа тараўларға өтип кетиўине алып келип, бул пахташылық тараўының жас тәжирийбели қәнигелер менен толтырылыўына кери тәсир етеди. Бул болса топланған тәжирийбелерди сақлап қалыў ҳәм пахташылық тараўының кадрлар потенциалына кери тәсир етеди;

-пахта шийки затын ислеп шығарыў, оны таярлаў ҳәм сатыў системаларында таярлаў ҳәм қайта ислеў кәрханаларының монопол жағдайы бәсеке тийкарында хызмет жүргизип атырған көп санлы пахта жетистириўши фермер хожалықлары ушын үлкен экономикалық машқалаларды пайда етпекте;

-алып барылып атырған илажларға қармастан. Пахта селекцион сортларын жайластырыўдағы базар талабы, тәбиий-ықлым шараятларының ҳәр бир ғоза сортының хожалық ҳәм биологик характерлери менен тәмийин етиўши системаны жетилистирип барыў талап етиледи. Бунда, сорт жайластырыў системасындағы субъектив факторлар тәсирин кемейиттириўге итибар қаратыў лазым;

-топырақ өнимдарлығы пәст, шорланыў дәрежеси жоқары болған егин майданларында да ғоза егилиўи, орташа өнимдарлықтың пәсейиўи арқалы, пахта жетистириў экономикалық нәтийжелерине кери тәсир етеди.

Айтылып өтилген машқалалардың көпшилиги шөлкемлестириў ҳәм ҳуқықый характерде болсада, оларды сапластырыў биринши нәўбетте тармақта еркинлестириў дәрежесиниң қаншеллик кең қамраўлы әмелге асыўына байланыслы болып қалады. Сол себептен де, тилге алынған

шөлкемлестириў-экономикалық машқалалардың шешилиўи Қарақалпақстан Республикасында ҳәм улыўма Өзбекстан пахташлығында үлкен экономикалық өзгерислер жүз бериўимне ҳәм хожалықлардың экономикалық аўҳалы жақсыланыўына имкан туўдырады.

## 1.3. Пахташылық комплексинде экономикалық қатнасықлардың әҳмийети ҳәм ғоза сортларын жайластырыўдың ҳәзирги жағдайы.

Пахташылық республикамыз дийханшылық санааты комплексиниң тийкарғы тармағы болып, мәмлекет халық хожалығының социаллық-экономикалық нәтийжелилигин арттырыўда ҳәм тармақлар арасындағы қатнасықларды беккемлеўде өз алдына орынды ийелейди. Пахта шийки заты хәмде оннан алынатуғын бирлемши ҳәм таяр өнимлер тек ғана мәмлекетимиздиң ишки базарын толтырыўда ғана емес, ал оларды экспорт қылыў тийкарында республика бюджетин шет ел валюталары менен толтырыўда тийкарғы дерек болып есапланады.

Президентимиз И.А.Каримов өзиниң «Өзбекстан XXI әсир босағасында» атлы китабында пахташылықтың Республика экономикасындағы орнына баҳа берип, «Бүгүнги күнде Өзбекстан сыртқы базарда талап жоқары болған өним - пахта таласының тийкарғы ислеп шығарыўшысы ҳәм жеткизип бериўшиси есапланады. Республика пахта таласы ислеп шығарыў бойынша дүньяда бесинши ҳәм оны экспорт қылыў бойынша екинши орында турады» деп жазады. Пахташылықтың кәрханалар экономикасындағы орны, оның шығындысыз, көп түрли көп дәраматлы товар өнимлерин жетистириўде болып есапланады. Соннан бир тонна пахтадан 340-350 кг тала, 50-60 кг мамық 580 кг шигит алынады. 340 кг таладан болса өз нәўбетинде 3500 м2 гезлеме, бир тонна шигиттен болса 170 кг ақ май, 400 кг гунжара, 60 кг өсимлик оксили, 300 кг шелуха алынады. Буннан тысқары оннан маргарин, кир жуўатуғын ҳәм ийис сабынлары, алип майын таярлаўда пайдаланылады.

Улыўма алғанда пахтадан 1200 түрли товар өнимлери алынады. Есап китапларға қарағанда пахта өним (гезлемелер, ақ май, гунжара ҳ.т.б.)лерди сатыўда ҳәр бир гектар есабынан (өнимдарлық 25 центнер болғанда) 200-250 мың сум дәрамат алыў мүмкин.

Пахташылық тармағы өзиниң мәмлекет экономикасындағы экономикалық-социаллық әҳмийети, аўыл хожалығы тармағының жетекши тараўы сыпатындағы орны, республика ҳүкимети тәрепинен усы тармаққа болған итибарда өзин көрсетпекте. Бүгинги күнде, пахта шийки затын жетистириўге республикамызда стратегиялық өним сыпатында, мәмлекет тәрепинен өз-алдына итибар берилип, пахташылық тармағындағы экономикалық қатнасықларда мәмлекеттиң орны сезилип турмақта.

Базар қатнасықлары қәлиплесиўи шараятында пахташылық тармағындағы экономикалық қатнасықлардың орайын ҳәм оның ҳәрекетлентириўши күши тийкарын пахта жетистириўши аўыл хожалығы кәрханалары ийелейди. Демек, буннан жуўмақ қылатуғын болсақ, тармақтағы экономикалық қатнасықлар қәлиплесиўиниң дәслепки ҳәм ең тийкарғы буўыны бул пахта шийки затын жетистириў буўыны есапланады. Усы жуўмаққа сүйенген ҳалда бизиң нәзеримизде, пахташылық тараўындағы экономкалық қатнасықлар системасы төмендеги бағдарлар ҳәм хожалық, экономикалық байланыслар шегарасында топарларға ажыратыў мүмкин (1-сүўрет):

1. Пахташылық фермер хожалықларының өним жетистириў, сатыў, ресурс тәмийнаты, хызметлер базары системасы субъектлери ортасындағы экономикалық қатнасықлар системасы;

2. Пахташылық фермер хожалықларының өним ислеп шығарыў бойынша ишки экономикалық қатнасықлар системасы.

Бунда, пахташылық фермер хожалықларының өним ислеп шығарыў бойынша, оны сатыў, ресурс тәмийнаты, хызметлер базары субъектлери

орайындағы экономикалық қатнасықлар системасы төмендеги тийкарғы бөлимнен ибарат болады:

-пахташылық фермер хожалықлары менен, мәмлекет басқарыў мекемелери ортасындағы: пахта шийки затын жетистириў: жетистирилген өнимлерди сатыў: ғоза сортларын аймақлар бойынша жайластырыў жүзесинен пайда болатуғын экономикалық, шөлкемлестириўшилик ҳәм ҳуқықый қатнасықлар системасы;



**1-сүўрет. Пахташылық тармағында экономикалық қатнасықлар системасының ҳәзирги жағдайы**[5]

- пахташылық хожалықлар менен, түрли мүликшилик түриндеги ресурслар жеткизип бериў системасы кәрханалары ортасындағы, ресруслар жеткизип бериў, ресурс орынланыўы ҳәм алды-саттысы жүзесинен пайда болатуғын экономикалық қатнасықлар системасы;

- пахташылық хожалықлары менен, түрли мүлкшилик түриндеги хызметлер көрсетиў тараўы кәрханалары ортасындағы хызметлер базарында товарлар саўдасы шегарасында пайда болатуғын экономикалық қатнасықлар системасы;

- пахташылық хожалықлары менен пахта шийки затын таярлаўшы ҳәм қайта ислеўши мәмлекет кәрханалары ортасында жетистирилген өнимди сатыў жүзесинен пайда болатуғын экономикалық қатнасықлар системасы;

- пахташылық хожалықлар менен пахта шийки затын жетистириў, ресурс тәмийнаты системасын финансластырыў, кредитлеў, салыққа тартыў ҳәм қамсызландырыў системасы субъектлери ортасындағы экономикалық қатнасықлар системасы;

Пахташылық хожалықларының өним ислеп шығарыў бойынша ишки экономикалық қатнасықлар системасы болса:

- пахташылық хожалықлар дөгерегинде өним жетистириў, оны сатыў, ресурслар ҳәм хызметлер сатып алыў жүзесинен хызметин басқарыўды режелестириўдиң шөлкемлестириў-экономикалық системасы;

- пахташылық фермер хожалықлар дөгерегинде мийнет ресурсларынан пайдаланыў ҳәм материаллық мәпдарлықты тәмийин етиўдеги экономикалық

---

[5] Дерек: магистрант изертлеўлери тийкарында ислеп шығылды

қатнасықлар шөлкемлестириў-экономикалық ҳуқықый системасын киритиў мүмкин.

Санап өтилген экономикалық қатнасықлар системасы өз орнында жәнеде кишигирек ҳәм қурамалырақ боған экономикалық қатнасықлар системасынан қуралған болып, оның тийкарын пахта жетистириўши субъектлер материаллық мәпдарлығы системасын шөлкемлестириўи лазым.

Жоқарыдағылардан жуўмақ шығаратуғын болсақ, пахташылық тармағының базар шараятындағы турақлы раўажланыўы, пахтакеш дийханның мәплерин толық есапқа алыў менен тиккелей байланыслы болады. Себеби барлық шараятлар теңлиги жағдайында, пахта шийки заты муғдары. Сыпат көрсеткишлери, өзине түсер баҳа, баҳа қәлиплесиўи факторлары, нәтийжеде жәмийет ушын келтирилетугын пайда муғдары әсиресе дәслепки буўын есапланған шийки зат жетистриў процессинде қәлиплеседи.

Пахташылық тармағындағы экономикалық қатнасықлардың қаншеллик базар экономикасы талапларына сай ҳалда шөлкемлестирилиў дәрежеси, пахташылық тараўы экономикалық раўажланыўы ҳәм өним жетистириўдиң экономикалық нәтийжелилиги дәрежесин белгилеп береди. Бул болса өз нәўбетинде, мәмлекет экономикасының микро ҳәм макроэкономикалық көлемдеги мәселеси зәрүр әхмийетке ийе болады.

Пахташылық тармағының турақлы раўажланыўын тәмийинлеўде, ғоза сортларын туўры таңлаў, оларды ҳәр бир аймақтың топырақ өнимдарлығы, тәбиий-ықлым шараятларын есапқа алған ҳалда жайластырыў мәселеси зәрүрли әҳмийетке ийе болады.

Пахташлық тарамағында базар қатнасықлары енгизилиўи болса, ғоза сортларын жайластырыўда биринши нәўбетте, бар болған материаллық-техникалық, жер-суў ҳәм мийнет ресурсларынан нәтийжели пайдаланған ҳалда, егин майданлары бирлиги есабынан алынатуғын пайданы асырып барыўын талап етеди.

Ҳәзирде Өзбекстан Республикасы бойынша ҳәр жылы Ҳүкимет қарары тийкарында 18-20 тийкарғы, 3-4 келешекли ҳәм 6-7 жаңа ғоза сортлары егип келинип атырған болса, Қарақалпақстан Республикасы бойынша 4-5 ғоза сортлары жайластырылмақта. Соның ишинде, жәми пахта егин майданлары орташа 102,0 мың гектарды құраған ҳалда, соннан 90,3 процент майданда тез писер, 8,6 проценти майданда орта писер ҳәм қалған майданда жаңа ғоза сортлары жайластырылмақта.

Пахта таласы ҳәм пақалдан таярланған өнимлер Өзбекстан Республикасының халық-аралық саўдасында да үлкен роль ойнайды. Өзбекстан 20 дан артық шет ел мәмлекетлерине пахтаны экспорт қылады.

Пахта ислеп шығарыўдағы тийкарғы ўазыйпалар ҳәм оны жайластырыў.

Мәмлекетимизде қабыл етилген дәстүрде көрсетип өтилгениндей аўыл хожалығы өнимлеринен жоқары өним алыў мақсетинде топырақ өнимдарлығын тиклеў ҳәм жақсылаў ушын төмендегилерди әмелге асырыў зәрүр:

жақын жыллар ишинде барлық сүрилетуғын жерлердиң топырақ сыпатын баҳалаў (бонитетлеў, дизимнен өткериў);

суўғарылатуғын жерлерде алмаслап егиўди енгизиў;

пахташылық комплексинде пахта дән егинлери жоңышқаның алмаслап егилиўин кең түрде енгизиў;

келешекте пахта майданларын 1,5 млн. гектарға жеткериў;

топырақ-ықлым шараятларын ҳәмде аўыл хожалық егинлерин аймақлық қәнигелесиўин есапқа алған ҳалда районлар ҳәм хожалықлар бойынша егинлер қурамын өзгертиўге жол қойылып Республика аймақлары бойынша пахта шийки затын ислеп шығарыўды басқа егинлер менен төмендегише жайластырыў керек болады:

Қарақалпақстан Республикасында пахта, дән, салы, қант ләблебиси, дәстүрли емес егинлер, майлы егинлер, масхар, нохат, күнгебағар, сипсе,;

Хорезм ўәлаятында таласы VI типиндеги пахта, дән, қант ләблебиси ҳәм салы жетистириўди қосып алып барыў;

Кашқадәрья ҳәм Сурхандәрья ўәлаятларында пахтаның II типиндеги орта ҳәм жиңишке талалалы сортлары салыстырмалы жетилистириў, жылына 2 мәртебе өним алған ҳалда дән жетистириўди раўажландырыў, ерте ҳәм кеш палыз егинлерин жетистириў көлемин көбейтиў;

Бухара ҳәм Наўайы ўәлаятларында IV ҳәм V тип талалы пахта жетистириўге өтиў, ғәллешиликти раўажлантырыў;

Самарқанд ўәлаятында V тип талалы пахта, тухым ҳәм товар дән, палыз, миийўе, жүзим ҳәм темеки жетистириўди раўажлантырыў;

Жиззах  ҳәм Сырдәрья ўәлаятларында пахташылық пенен биргеликте ғәллешилик ҳәм палыз егинлерин раўажландырыў;

Ташкент ўәлаятында пахта, каноп, дән, миийўе-палыз егинлерин ҳәм жүзим жетистириў;

Фергана водийси ўәлаятларында пахта, товар дән, тухым дән (Андижан ўәлаятында 78%) палыз, миийўе ҳәм жүзим жетистириў әмелге асырылады;

Дийханшылық өнимлерин жетистириўге қәнигелескен фермер хожалықларына арендаға берилетуғын пахта жер майданлары көлеми кеминде 100 гектарды қураўы шәрт.

500 мың гектар майданга шигитти түксизлендирип, сайлап егиў, егилетуғын майданларды кеңейтиў;

шигитти плёнка астына егиўди 10 апрелге шекем жуўмақлаў ҳәм өнимдарлықты жақын жыллар ишинде гектарқнан 32 центнерге көтериўди тәмийинлеўши агротехника ис илажларын өткериў менен бул майданларды кеңейтиў;

гербицидлер, гөректиң өсиўин күшейтиўши перепаратлар қолланылатуғын майданларды ҳәм зыянкеслер ҳәм кеселликлерге қарсы биргеликте гүресиў көлемин кеңейтиў;

Барлық агротехника ҳәм агрохимиялық ис илажларды илим усынысларын ҳәм алдынғы тәжрийбелерге муўапық өткериў, өнимди механизация жәрдеминде жыйнап терип алыўды енгизиў ҳәм жыйым терим жумысларын октябрь айының ақырына шекем жуўмақлаў.

Пахта егин майданларының ғоза сортлары характерлери бойынша қурамы 2008 жылға келип бир қатар өзгерислерге ушыраған болсада, тезписер сортлары салмағы жоқарылығынша қалмақта. Мәселен 2008 жылда тезписер ғоза сортлары салмағы 92.2 процентти қураған ҳалда, 3,4 процент майданларда ортаписер сортлар да жайластырылған. Бул тийкарынан Бухара-6 ғоза сортының жайластырылыўы менен байланыслы ҳалда өзгерген. Соның ишинде, 2008 жылда Бухара-6 ғоза сорты жәми майданы 4221 гектарды ҳәм салмағы 3,8 процентти қурап, тийкрынан Қарақалпақстан Республикасының түслик аймақлары (Элликқала, Төрткүл, Беруний районлары) пахта егин майданларыда егилген (5-кесте).

Өзбекстанның пахта жетистиретуғын аймақлары eң арқада жайласқан Қарақалпақстан Республикасы ушын тезписер ғоза сортларын жайластырыў жүдә әҳмийетли мәселе есапланады.

**5-кесте**

**Қарақалпақстан Республикасы бойынша жайластырылған ғоза сортлары егин майданының өзгериси**[6] (гектар)

| Районлар | Жәми майдан | 2003 жыл | | | | Жәми майдан | 2007 жыл | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | С-4727 | Окд-6 | Ч-3010 | Жаңа сорт | | С-4727 | Окд-6 | Бух-6 | Жаңа сорт |
| Төрткүл | 12150 | 6658 | 5442 | - | 50 | 13408,1 | - | 6265 | 6633 | 510,5 |
| Беруний | 12087 | 5800 | 6287 | - | - | 13291,9 | 6175,7 | - | 6648 | 467,8 |
| Элликқала | 12197 | 6429 | 5726 | - | 42 | 1329,9 | - | 8484 | 3923 | 884,8 |
| Амударья | 15700 | 8965 | 6675 | - | 60 | 14645,8 | 8836,0 | 4700 | - | 1110 |
| Хожели | 13015 | 10553 | - | 2462 | - | 12198,0 | 6890,0 | 4058 | - | 1250 |
| Шоманай | 7204 | 7204 | - | - | - | 6581,0 | 6581,0 | - | - | - |
| Қанлыкөл | 2041 | 2041 | - | - | - | 4595,0 | 4595,0 | - | - | - |
| Қоңырат | 2620 | 2620 | - | - | - | 4000,0 | 4000,0 | - | - | - |
| Нөкис | - | - | - | - | - | 1465,1 | 1465,1 | - | - | - |
| Кегейли | 6496 | 6469 | - | - | - | 7275,0 | 5960,0 | - | 1200 | 1150 |

[6] Дерек: ҚР Мәмлекетлик статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | ,0 | |
| Шымбай | 3831 | 2000 | - | 182 | 5 | 6398,0 | 5348,0 | - | - | 1050,0 |
| Қараөзек | 2405 | 2405 | - | - | - | 5017,2 | 5017,2 | - | - | - |
| Тахтакөпир | 1715 | 1715 | - | - | - | 4000,0 | 4000,0 | - | - | - |
| Жәми | 91461 | 62886 | 24130 | 4288 | 157 | 106167 | 58868 | 23507 | 18404 | 5388 |
| Салмағы (%) | 100,0 | 68,7 | 26,4 | 4,7 | 0,2 | 100,0 | 55,4 | 22,1 | 17,3 | 5,1 |
| | | | | | | | | | | |

Бирақ, бунда жетистирилип атырған пахта таласының жәҳан базары талабына жуўап бериўи дәрежесин де итибарға алыў лазым. Соның ишинде, кейиншелик алып тасланған болсада, тезписер бирақ, таласы микронейри бойынша үшинши топарға китритилген «Шымбай 3010» ғоза сорты 2005 жылға шекем егилип келинген.

Қарақалпақстан Республикасы бойынша, соңғы он жыл даўамында ғоза сортларын жайластырыў процессии анализлери көрсетиўинше, сортларды жайластырыўда бир қатар турақсызлық гүзетиледи.

Соның ишинде «Бухара -6» ғоза сорты 1995 жылда 9068 (6,8%) гектарға егилип, кейинги жылларда улыўма егилмеген. Он жыл өткенен кейин 2004 жылда жаңа 8832 (8,6 %) гектар майданға жайластырылғанын көриў мүмкин. Сондай-ақ, «С-4727» ғоза сорты 1995 жылда 107923 гектар майданға егилген болып, жәми егин майданлардағы салмағы 81,9 процентти қураған болса, 2007 жылға келип 70181 гектарға егилген ҳалда 63,3 процент салмаққа ийе болған.

## II-БАП. ӨЗБЕКИСТАН ПАХТА ТАЗАЛАЎ САНААТЫНДА БӘСЕКЕШИЛИКТИ ҲӘМ ПАХТА ТУҚЫМШЫЛЫҒЫН РАЎАЖЛАНЫЎЫН ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎ

### 2.1 Мәмлекетимиздиң пахта экспортының дүнья пахта экспортындағы орны

Дүнья базарында пахта таласы бәсекешилигин тәмийнлеў ғәрезсиз мәмлекетимиз ушын биринши дәрежедеги стратегиялық ўазыйпалардан бири болып есапланады. Кейинги жылларда Республикада пахтаны қайта ислеў ҳәм сапалы пахта таласын таярлаўдағы айырым өзгерислер Өзбекстан пахта таласының дүнья базарындағы бәсекешилигин тәмийнлеўге тийкар болды.

Мәмлекетимиздиң социал-экономикалық мәплери көз қарасынан пахта таласының экспорты 2001 жылға шекем тек ғана Өзбекстан Республикасы сыртқы экномикалық байланыслар агентлигине (СЭБА) қараслы сыртқы саўда компаниялары арқалы әмелге асырылған болса, Министрлер Кабинетиниң 2001 жыл 12 июль 298-санлы қарарына тийкарланып пахта таласын биржалар арқалы сатыў имканияты пайда болды.

Пахта жетистириўши хожалықлар, шөлкем ишиндеги заводлар ҳәм СЭБА системасындағы сыртқы саўда мәмлекетлик акционерлик компаниялары ортасында, пахта таласын экспорт қылыў бойынша шәртнама дүзиледи. Шәртнамада экспорт қылынатуғын пахта таласының көлеми «Ўзпахтасаноат» ҳәм СЭБА компаниялары пахта экспорты менен байланыслы қәрежетлерди есапқа алған ҳалда пахта таласының сатылыў дәўириндеги дүнья баҳаларынан келип шығып, пахта таласының келисилген

баҳалары, көтере баҳалар ҳәм хожалықаларға төленетуғын сумма муғдары белгиленеди.

Пахта таласын тасыў болса тийкарынан «Орта Азия транс» компаниясы тәрепинен әмелге асырылады.

Пахта таласын экпорт қылыў пайдалылығын асырыўға қаратылған мәселелер төмендегише:

- Өзбекстан пахта таласын экспорт қылыўда оның муғдарына емес, бәлким пайдалылық нәтийжелерине итибар бериў;

- пахтаның өзине түсер баҳасын кемейтириў ҳәм оның өнимдарлығын тәмийнлей алатуғын пахта туқымларын жаратыў, ислеп шығарыў ҳәм қайта ислеў технологияларын енгизиў;

- пахта таласы саўдасын халық-аралық талаплар дәрежесинде шөлкемлестириў, базар үлесин асырыўда маркетинг усылларынан кең пайдаланыў ҳәм пахта таласының бәсекиге шыдамлылығын тәмийинлеў.

**6-кесте**

**Қарақалпақстан Республикасы экспорт көлеминде пахта таласы қурамындағы өзгерислер динамикасы**[7]

| | Экспорт ҳәм импорттың улыўма көлеминдеги үлеси, % есабында | | Көлемдеги өзгерис, % есабында |
|---|---|---|---|
| | 01.01.2009 жыл | 01.01.2010 жыл | 2008 жылға салыстырмалы % |
| Экспорт қурамы | 100 | 100 | 90,3 |
| Пахта таласы | 59 | 53,6 | 82,1 |
| ҒМА | | 5,2 | |
| Шет еллерге | | 84,7 | |

[7] Дерек: ҚР Мәмлекетлик статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында

Республикада ҳәр жылы ислеп шығарылатуғын пахта шийки заты көлеми, орташа 3,5 – 4,0 млн. тонnаны қурамақта. Пахта ислеп шығарыўшы хожалықлар, оны шәртнамаларға қарай, пахта тазалаў заводлары ҳәм пахта таярлаў пунктлерине тапсырылмақта. Бул шөлкемлер, «Ўзпахтасаноат» шөлкемине тийисли болып есапланады. Оның тийкарғы ўазыйпасы, республикада дүнья стандартына жуўап бериўши пахта шийки затын сатып алыў, қайта ислеў, тармақта бирден бир илимий – техникалық сиясатты алып барыў, пахта таласын ислеп шығыў ҳәм Министрлер Кабинетиниң 2003 жыл июнь 240 санына тийкарланған таяр жип ҳалына келген өнимлерди ўәлаят терминалларына жеткерип бериў менен байланыслы болған, жумыслар комплексин шөлкемлестириў ҳәм муўапықластырыўдан ибарат.

7-кесте

**Пахтадан өндирилетуғын затлардың қурамы**[8]

| № | Көрсеткишлер | 2009 жыл | 2008 жылға салыстырганда % есабында |
|---|---|---|---|
| 1 | Пахта таласы, тн. | 56803 | 88,3 |
| 2 | Шигит, тн. | 85755 | 86.1 |
| 3 | Пахта линти, мың тн. | 4909 | 98,9 |
| 4 | Бир жипли тоқыма жип гезлеме, тн. | 1172 | 2,8 |
| 5 | Гезлеме, мың. кв.м. | 1372 | 147,4 |
| 6 | Гилем ҳәм гилем өнимлери, мың кв.м. | 2 | 50,0 |

Ҳәзирги ўақытта Өзбекстан пахта тазалаў санааты 130 пахта туқымлары, 511 пахта тазалаў пунктлери, 14 тәжирийбе техника заводлары ҳәм 21 хожалық есабындағы кәрханалардан ибарат.

[8] Дерек: ҚР Мәмлекетлик статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен соң ҳәм базар қатнасықларына өтиуи менен пахта шийки затының сапасы ҳәм қайта ислеў шараяты түптен өзгерди. Қысқа мүддетлерде, пахта тазалаў санаатының дүнья стандарты дәрежесиндеги техник, технологик ҳәм шөлкемлестирилген жағынан кең қамраўлы дәстүри әмелге асырылды, пахтаны, дәслепки қайта ислейтуғын кәрханаларда ресурслар ҳәм энергияны үнемлейтуғын машина ҳәм механизмлер орнатылды. Солардан, ыссылықты кем сарыплайтуғын киритиў қуралы жаратылды ҳәм пахта шийки затын пышқы ҳәм валик жәрдеминде тазалайтуғын қураллар енгизилди.

**8-кесте**

**Қарақалпақстан Республикасы районларында пахта жетилистириў бойынша мағлыўматлар**[9]

| № | **Районлар атлаы** | Солардан ПАХТАШЫЛЫҚ | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Майданы, га | ц\га | Жақсы ҳасыл, тонна | дәрамат млн. сўм | қәрежет млн. сўм | Пайда (+), зыян(-) млн. сўм | рента беллик (%) | 1 тонна (мың сўм) | | 1 гектардан (мың сўм) | |
| | | | | | | | | | Сатыў баҳасы | өзине түсер баҳасы | дәрамат | қәрежет |
| 1 | Төрткул | 13000 | 18,5 | 24003 | 7344,9 | 7215,0 | 129,9 | 1,8 | 306,0 | 300,6 | 565,0 | 555,0 |
| 2 | Беруний | 12900 | 17,3 | 22295 | 6822,3 | 7089,0 | -266,7 | -3,8 | 306,0 | 318,0 | 528,9 | 549,5 |
| 3 | Елликқала | 13000 | 21,5 | 28001 | 8568,3 | 7012,0 | 1556,3 | 22,2 | 306,0 | 250,4 | 659,1 | 539,4 |
| 4 | Әмиўдарья | 16000 | 23,9 | 38179 | 11682,8 | 9268,8 | 2414,0 | 26,0 | 306,0 | 242,8 | 730,2 | 579,3 |
| 5 | Хожели | 12000 | 17,4 | 20875 | 6387,8 | 6452,0 | -64,3 | -1,0 | 306,0 | 309,1 | 532,3 | 537,7 |
| 6 | Шоманай | 6000 | 17,2 | 10341 | 3164,3 | 3045,2 | 119,1 | 3,9 | 306,0 | 294,5 | 527,4 | 507,5 |
| 7 | Қанлыкөл | 3250 | 18,7 | 6083 | 1861,4 | 1498,0 | 363,4 | 24,3 | 306,0 | 246,3 | 572,7 | 460,9 |
| 8 | Қоңырат | 4000 | 18,3 | 7317 | 2239,0 | 1744,0 | 495,0 | 28,4 | 306,0 | 238,3 | 559,8 | 436,0 |
| 9 | Мойнақ | 120 | 17,1 | 205 | 62,7 | 44,0 | 18,7 | 42,6 | 306,0 | 214,6 | 522,8 | 366,7 |
| 10 | Нөкис | 1100 | 18,6 | 2050 | 627,3 | 493,0 | 134,3 | 27,2 | 306,0 | 240,5 | 570,3 | 448,2 |
| 11 | Кегейли | 7400 | 17,1 | 12674 | 3878,2 | 3160,0 | 718,2 | 22,7 | 306,0 | 249,3 | 524,1 | 427,0 |
| 12 | Шымбай | 5500 | 16,3 | 8989 | 2750,6 | 2372,0 | 378,6 | 16,0 | 306,0 | 263,9 | 500,1 | 431,3 |
| 13 | Қараөзек | 4210 | 17,5 | 7370 | 2255,2 | 1724,0 | 531,2 | 30,8 | 306,0 | 233,9 | 535,7 | 409,5 |
| 14 | Тахтакопир | 3200 | 16,7 | 5330 | 1631,0 | 1190,0 | 441,0 | 37,1 | 306,0 | 223,3 | 509,7 | 371,9 |
| | **Жами** | **10168** | **19,1** | **19371** | **59275,9** | **52307** | **6968,9** | **13,3** | **306,0** | **270,0** | **583,0** | **514,4** |

[9] Дерек: ҚР Мәмлекетлик статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында

| | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 0 | | 2 | | | | | | | | |

Өзбекстан пахта таласының тұқымының өзгешеликлери ҳәм талапты асырыў, пахтаны қайта ислеў ҳәм пахта шигитин егиў технологияларын раўажландырыў үстинде тармақ хызметкерлери ис алып бармақта.

Бүгинги күнде пахта өниминиң берилген сапа дәрежесинде қайта ислейтуғын өзгериўшең технологияларды жаратыў бойынша да мәлим нәтийжелерге ерисилди. «Ўзпахтасаноат» шөлкеми басшылығында, 2010 жылға шекем пахта тазалаў санаатын қайта реконструкциялаў ҳәм раўажландырыў дәстүри әмелге асырылмақта. Ҳәзирги күнде Республикада 21 пахта тазалаў заводы қайта қурылды ҳәм экономикалық технологиялық процесслер енгизилди. Әмелге асырылған шаралар жақсы нәтийже бере баслады: республикада пахта таласы шығыўы 0,2 процентке асты, пахта таласы сапасы жақсыланған ҳалда, өнимдарлық 4,7% ке асты. 2001 жылға салыстырғанда бир тонна пахта таласын ислеп шығарыўдағы энергия сарыпланыўы, 32%ке кемейди.

Кәрханалардың ислеп шығарыў қуўатлары жылына 5 млн. тонна шийки затты қайта ислеўи мүмкин. Барлық пахта тазалаў заводлары мәмлекетлик емес шөлкемлер ҳәм ғәрезсиз ашық түрдеги акционерлик жәмийетлер болып есапланады. Ҳәр бир акционерлик жәмийети ҳәзирги заман техникасы менен тәмийнленген, силеп шығарыў базасы, даўалаў ҳәм басқа социаллық дем алыў шөлкемлерине ийе. Тармақ системасында илимий ислеп шығарыў орайы «Пахтасанаат» пайда болып, онда барлық илимий ислер жаратылады. Тармақта ислеп жаратылған пахта таласы жәҳанның көпшилик мәмлекетлерине солардан Германия Россия, Англия, Қубла Корея, Голландия, Тайлантқа экспорт қылынып атыр.

Республикада экспортқа жиберилип атырған пахта таласының тутыныў сыпатларына кепиллик бериў ушын, тасыўдан алдынғы сертификатлаў системасы енгизилди. Республикада «Сапа» орайы шөлкемлестирилип,

ўалаятларда оның пахта таласын сертификатлайтуғын территориялық лобараториялары дүзилди. 1999 жылдан баслап, экспортқа жиберилетуғын пахта таласы, усы лобараторияда тексериўден өткерилип атыр. Бүгинги күнге келип, пахта таласы сапасын анықлаўда дүнья тәжирийбеси енгизилип, ҳәр бир кип ушын айырықша мағлыўмат бериледи.

Сырдәрья ўәлаятында биринши рет механика усылы жәрдеминде пахта шигитин тазалайтуғын ҳәм түксизлентиретуғын қурылма жаратылып, иске түсирилди. Бул орайдың қуўаты жылына 10 мың тонна бир ўәлаят талабын қаплай алатуғын, жоқары сапалы, тазаланған ҳәм түксизлентирилген шигит ислеп шығарыўға арналған. Дүнья тәжирийбесинде биринши реет ушырайтуғын, пахта шигитин қайта ислейтуғын кем түксизлентиретуғын технология жаратылды. Бул технология, пахта шигитиниң өсиўшеңлик қәблетин жақсылайды.

Бирақ, бул шаралар үлкен қәрежет талап етеди. Соның ушын бул тараў шет ел капиталларын жалып етиў, олар ушын жоқары дәрежеде үлкен пайда алыўға имкан жаратып береди. Әсиресе, Республикада пахтаны қайта ислеў тармағына капиталларды ислетиў имканиятлары перспективасы жәнеде жақсыланады. Бул тармақта тийкарғы бағдарлар қаплаў өнимлер (лента, сым), пахта бунтларын қаплаў ушын брезент, подшивка, преслейтуғын қураллар, қайыслар, пышқы ҳәм басқалар есапланады.

Биз пахта санаатын раўажландырыў мақсетинде, бул тараўда тийкарғы жумысларды үш буўында бирдей алып барыўымыз керек. Ең дәслеп дийханларымыз пахтаның перспективасы, өнимли ҳәм ерте писер түкымларын таңлап билиўи, олардың егин майданларының топырақ-ықлым шараятынан келип шыққан ҳалда жайластырыў ҳәм жоқарғы технологияларды кең қолланыў зәрүр. Бунда пахта таласының сапасы жаҳан базарында талапларға толық сәйкес келетуғын туқымларын егиў жоқары әҳсийетке ийе. Жердиң мелиоратив ҳалатын жақсылаў, шор жуўыў, суўғарыў ҳәмде пахтаға қараў ислериниң қадағалаўын тәмийнлеў зәрүр.

Пахтаны қайта ислеўде тек ғана сапалы тала алыў емес, бəлки оның шигити ҳəм шығындыларынан халық мүтəжлиги ушын зəрүр өнимлер таярлаў технологиясын раўажландырыў керек. Бул ситемада шешимин күтип атырған мəселелердиң екинши буўыны пахта майын шет елге экспорт қылыў болып табылады.

Үшиниши буўын - дүнья базарындағы коньюктураны теңсалмақлықта үйренип барыў, ол жерде қойылып таырған талаплардан дийханшылықларды ҳəм кең көлемде хабардар етиў, нəтийжесинде, бизиң пахтамыз ҳəм оннан таярланатуғын өнимлердиң жоқары баҳаларда сатылыўына ерисиў болып табылады.

Экспортда гөзленген ислеп шығарыўды раўажландырыў ҳəм өнимлерди сыртқы базарға шығарыў ушын төмендеги шараларды əмелге асырыў мақсетинде муўапық деп есаплаймыз:

- экспорт өнимлерин сыртқы базарда сатыў ушын кең саўда ҳəм хызмет көрсетиў шақабшаларын пайда етиў;

- мақсетли терең маркетинг изертлеўлерин, реклама ислерин жолға қойыў;

- терең системалық өзгерислерди əмелге асырыў ҳəм кəрханаларды техникалық модернизациялаў ушын зəрүр болған финанслық қəрежетлер жаратыў;

- экспорт өнимлерин сатыўды режелестириў мақсетинде дилерлик шақабшалары ҳəм консигнация складларын  жаратыў;

- халық аралық валюта кредитлери базарында қарар тапқан процент ставкаларына тийкарланып, экспортқа сай келетуғын өнимлерди ислеп шығарыў ушын валюта кредитлерин ажыратыў шараларын ислеп шығыў.

Экспорт көлемин көбейтириў, оның дизимин кеңейтириў ҳəм раўажландырыў ушын төмендеги шараларды көриў мақсетке муўапық:

- санаат кəрханаларының экспорт тараўына қаратылған хызметин мəмлекет тəрепинен қоллап-қуўатлаў;

- кәрханалардың бәсекиге шыдамлы ҳәм экспортқа сай өнимлерин ислеп шығарыўға өтиў барысындағы ҳәрекетлерди қоллап-қуўатлаў;

- тийкарғы санаат тармақларын раўажландырыў ушын сырт еллик инвестицияларды тартыў;

- макроэкономика ҳәм статистика министрлиги «Ўзпахтасаноат» шөлкеми сыртқы экономикалық байланыслар агентлиги менен бирликте 2006 жылдан баслап, пахта таласы ислеп шығарыў ҳәм экпорты балансын дүзди ҳәм оны «Ўзпазтасаноат» шөлкеми ҳәм СЭБАның бирлеспелери ҳәм компаниялар бойынша бөлиниўин есаплайды. Пахта таласын экспорт қылыў көлемлерине (орайласқан ҳәм орайласпаған) байланыслы, шет ел қарыйдарлары менен келисимлер дүзиў алдынан ҳәм дүзиў жумысларын шөлкемлестириў жумыслары СЭБА мойынына жүклетилген ҳәм ол сыртқы саўда компаниялары тәрепинен келисимлер дүзиўин қадағалайды.

- «Ўзпахтасаноат» шөлкеми СЭБА менен тастыйқланған балансларға пахта таласы ҳәр бир кварталға жөнелтиў графигин Министрлер Кеңесине тастыйқлаў ушын усынады ҳәм олар акционерлик бирлеспелери ҳәм сыртқы саўда компаниялары тәрепинен орынланыўы қадағалаўды.

Шет ел қарыйдарлары менен келисим дүзиў ислери СЭБАның сыртқы компанияларына жүклетилген ҳәм тастыйқланған пахта таласы көлеминдеги (орайласқан ҳәм орайласпаған) муғдарда шәртнама дүзиўин СЭБА әмелге асырады.

СЭБА «Ўзпахтасаноат» шөлкеми менен бирликте тастыйқланған баланс шеңберинде пахта таласының «Ўзпахтасаноат» шөлкеминиң аймақлық бөлимлери бойынша дүзилген жөнелтиў кварталлық графиклерин дүзеди ҳәм Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетине тастыйқлаўға усынылады.

СЭБА ҳәм «Ўзпахтасаноат» шөлкем пахта таласы экспорты графигин ҳәмме ўақыт қадағалап барады ҳәм «Ўзпахтасаноат»тың аймақлық шөлкемлери ҳәм СЭБА сыртқы компанияларына хызмет қылады.

Бүгинги күнге келип жоқарыдағы жағдай экономикалық изертлеўлерди еркинлестириў басқышында өним жетистирип бериўшилердиң дүнья базарына ғәрезсиз шығыўын көзде тутса, екинши тәрептен жәҳан базарындағы пахта таласы баҳаларның еркин емеслиги, тала жетистириўши шөлкемлердиң халық аралық базарда саўда-сатық ислери бойынша тәжирийбелердиң жоқлығы ҳәм басқа себеплер, пахта таласын дүнья базарына алып шығыўды бирлесиўди яғный орайласқан тәртипте сатыўда зәрүрликке айландырылады.

## 2.2 Өзбекстан пахтасының экспорттағы ролин арыттыў жоллары

Өзбекстанның географиялық жайласқан орнын есапқа алған ҳалда, сыртқы экономикалық байланысларда ишки транспорт инфраструктурасының пайдалылығын асырыў ҳәм жаңа транспорт жолларының тасылатуғын экспорт ҳәм импорт өнимлери ағымын диверсификациялаў керек бағдар сыпатында қаралады. Бул тараўдағы ең керекли бағдарлар:

- Өзбекстан Республикасы территориясында ҳәм тийкарғы халық-аралық теңиз портларында жүклерди қайта ислейтуғын ҳәм сақлайтуғын запаслар системасын жаратыў арқалы экспорт ҳәм импорт жүклериниң тасыўда өзине түсер баҳасын төменлетиў;

- тийкарғы транзит бағдарлары бойынша республика ишиндеги тез жүрер автомабиль жоллары тармағын раўажландырыў;

- Европа, Жақын Шығыс, Орта Азия ҳәм Қытай мәмлекетлери менен байланыстырыўшы Азия-Тыныш океаны регионы жайласқан транс континентал транпорт коридорын жаратыўға қаратылған Ташкент - Андижан - Ўш - Ирекештом - Қашқар - Корла маршруты менен автомабиль ҳәм темир жол қурылысы ҳәм реконструкциялаў проектин әмелге асырыў;

- ҳәзирги күнде қолланылып атырған Қара теңиз жағаларындағы портларға жеткерип бериўши Түрикменстан, Азербайжан ҳәм Грузия

аймақлары арқалы өтиўши транспорт коридорын раўажландырыў ҳәм Орта Азиядан Европаға тасылатуғын экспорт-импорт жүклери ушын кететуғын ўақыт ҳәм қәрежетлерин сезилерли кемейтириў;

- шет-ел мәмлекетлери менен байланысларды раўажландырыўда шәртнама – ҳуқықый тийкарларын раўажландырыў ҳәм оннан жаңа транспорт жүклерин өзлестириў, жүклер ҳәм проектлерди биргеликте әмелге асырыў ушын қәрежетлерди тартыўда пайдаланыў.

Ғәрезсизликке ерискен күнен баслап, Өзбекстан ҳүкимети сыртқы экономикалық байланысларды раўажландырыў тийкарғы бағдар деп қарайды, себеби, мәмлекетлердиң экономикалық раўажланыўының глобалласыўы ҳәзирги ўақытта биринши нәўбетте халық-аралық экономикалық жәмийетке интеграцияласыўы дәрежесине байланыслы.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.Каримов тәрепинен тийкарланған сыртқы экономикалық хызметти «ашық есиклер сиясаты» принцплери төмендегилерден ибарат:

- басқа мәмлекетлердиң иделогиялық дүнья қарасынан басқа олар менен өзара мәпли саўда-сатық қатнасықларының раўажланыўы;

- еки ҳәмде көп тәреплеме тең ҳуқықлы ҳәм өз ара мәпли бирге ислесиўди әмелге асырыў;

- сыртқы саўда режимин басқышпа-басқыш еркинлестириў, Дүнья жүзи саўда шөлкемлерине ағза болыўы мақсетинде оның принцплери қағыйдалары ҳәмде халық аралық ҳуқықларының миллий ҳуқықлардан үстинлигин тән алыў ҳәм жоқары деп билиў;

- бәсеки ҳәм бирге ислесиў барысында тең салмақлы болыўын тәмийнлеў;

- мәмлекетимизге ҳәзирги заман технологияларын алып кириўши мәмлекетлер ҳәм айырым шет-ел инвесторлары ушын жеңилликли орталық ҳәм имкәниятларды жаратыў режимин енгизиў.

Өзбекстан ҳүкимети сыртқы экономикалық байланысларды анық концепция тийкарында әмелге асырыў, бул тараўдағы зәрүр бағдарларды белгилеў ҳәм барлық шет мәмлекетлер, экономикалық ҳәм финанслық шөлкемлер менен еки тәреплеме мәплилик сиясатын алып бармақта. Өзбекстан өнимлери халық-аралық стандартлар ҳәм сапа белгилерин тән алады. Республикада мәмлекетимизде ислеп шығарылған өнимлерге штрихланған кодлар енгизиў бойынша ислер әмелге асырылмақта.

Ҳүкимет тәрепинен экспорт ушын ислеп шығылған өнимлердиң бәсекешилигин тәмийнлеў бойынша ислер алып барылмақта, солардан:

- экспорт қылыныўшы товарларға халық-аралық регистрларға сай келетуғын сертификатлар ислеп шығыў ҳәм ендириў дәстүрлери тийкарында бул өнимлерди халық-аралық шийки зат биржаларында мәжбүрий сертификатлаў ҳәм дизимнен өткериў арқалы;

- санаат өнимлери ҳәм тутыныў товарлары сапаларын халық аралық стандартларға сай келетуғын сертификатлаў системасын раўажландырыў ҳәм бул иске айырым жағдайларда қәнигелескен шет ел компания ҳәм агентлерин тартыў.

Өзбекстанда сыртқы экономикалық байланысларды кеңейтириў зәрүрлигинен келип шыққан ҳалда сыртқы экономикалық хызмет пенен шуғылланыўшы субъектлерди раўажландырыў ҳәм қоллап-қуўатлаў мақсетинде инстуционал инфраструктураны жәнеде қоллап-қуўатлаў зәрүрлиги сезилмекте. Сол мақсетте республикамызда:

- экспорт қылыўшыларды қоллап-қуўатлаў ҳәм сыртқы саўда миллий орайын дүзиў;

- миллий экспорт қылыўшыларды қоллап-қуўатлаў, өнимлер, хызметлер ҳәм т.б

Өзбекстанда исленген қолай инвестициялық орталық себепли ғәрезсизлик жылларында республикамызға енгизилген инвестициялар көлеми 10 млрд. АҚШ долларынан асып кетти, шет ел капиталы қатнасында

жаратылған кәрханалар саны 3200 ден асып кетти. Республикада барлық экспорт етилиўши товар ҳәм хызметлерге бажылар, лицензия алыў ҳәм квоталар системасы бийкар етилген. Импорт тараўында муғдарлық шегаралар жоқ, орташа арттырылған импорт бажылары Өзбекстанда 4,8 пронцентти пайда етеди.

Өзбекстан сыртқы экономикалық сиясатта АҚШ ҳәм Европа бирге ислесиў жәмийети менен ҳәр тәреплеме қатнасықларды тереңлестириў ҳәм жәнеде раўажландырыў тийкарғы мәселе деп қарайды. Сондай-ақ, биз Азия орталығында жайласқан биринши нәўбетте Япония ҳәм Корея Республикасы менен бир қыйлы тараўдағы қатнасларды кеңейтириў тәрепдарымыз. Бизиң қоңсы Қытай халық Республикасы ҳәм Россия менен әдеттегидей байланысларымыз күшейтирилип барылады.

Өзбекстан Республикасы ҳүкимети Дүнья саўда шөлкеми (Жәҳан Саўда Шөлкеми)не ағза болыў республиканың халық-аралық экономикалық жәмийетине интеграцияласыўын жәнеде тереңлестиреди. 1998 жыл сентябрь айында Өзбекстан Республикасы Дүнья саўда шөлкеминиң секретариатына «Сыртқы саўда ҳаққындағы Меморандумин» усынылды ҳәм ҳәзир бул ҳүжжет оның қатнасыўшылары тәрепинен орынланып атыр.

Сондай-ақ, республикамызда Дүнья саўда шөлкеми ағзалары менен еки тәреплеме келисиўлерди әмелге асырыў ҳәмде сыртқы экономикалық хызметти басқышпа-басқыш еркинлестириў, әмелдеги нызамшылықты ГАТТ - Дүнья саўда шөлкеми талапларына сәйкеслестириў тараўында да ислер әмелге асырылмақта.

Өзбекстан Республикасы қазылма байлықлары шет ел экспертлери тәрепинен баҳаланыўынша, 3,3 триллион АҚШ долларына тең ҳәм оларды ислеў ушын кепилленген қайтымы бар бағдар болып есапланады. Өзбекстанда шет ел инвесторларын енгизиў, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыў ушын кең жеңилликлер жаратылған. Әсиресе шет ел инвесторын тартыў ушын жаратылған орталық олардың

ийелери ушын жеңиллик ҳәм қолайлықлар системасы менен аңлатылады. Бул тараўда республикада төмендеги жеңилликлерди санап өтиўимиз керек.

1. Республика мәмлекет инвестиция дәстүрине кириўши жойбарларды салық төлеўден жети мүддетке азат етиў;

2. Шет ел инвестициясы енгизилген кәрханалардың ислеп шығарыўын ҳәм техникалық тәрептен модернизациялаў ушын енгизилген дәраматтан салық алыўын бийкар етиў;

3. Өзи ислеп шығарған өнимди лицензиясыз, ҳеш қандай тосықларсыз алып шығыў ҳуқықына ийелиги;

4. Өзбекстан Республикасы аймағында сап шет ел инвестициясы менен хызмет жүритип атырған кәрханалар ҳәм қоспа кәрханалар фондын кеңейтириў мақсетинде алып қарайтуғын қурал, әсбап-үскенелер, мүлкинен бажы салығы төлеўинен азат етилиўи;

5. Инвестициялық проектлерди әмелге асырыў ушын узақ мүддетке пайдаланыў мақсетинде жер майданларын конкурс тийкарында пайдаланыў ушын сатып алыў мүмкинлиги.

Жоқарыдағы жеңилликлерден сыртқы шет ел инвестициясы тартылған кәрханалар хызметин қоллап-қуўатлаў бойынша мақсетли шаралар ислеп шығылған. Мәселен, меншиклестирў процессинде шет ел инвесторларының қатнасы қоллап-қуўатланады, халық тутыныўы өнимлерин ислеп шығарыўы менен шуғылланыўшы кәрханаларды техникалық тәрепинен қайта қуралландырыўды қоллап-қуўатлаў ҳәмде экспортқа бағдарланған ислеп шығарыўды қоллап-қуўатлаў.

Өзбекстан Республикасы 2008 жылы сыртқы инвесторлардың тармақлар бойынша бөлистирилиўи төмендегише, %:

| | |
|---|---|
| - транспорт | -19,1 |
| -жеңил санаат | -17,6 |
| -нефтти қайта ислеў санааты | -13,8 |
| -телекоммуникация | -11,4 |

-машинасазлық -6,7

-азық-ауқат санааты -6,3 ҳ.б.

Өзбекстанда инвестиция орталығын жәнеде жақсылауға қаратылған ис ҳәрекетлерден және бири, жақында қабыл етилген Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Нефт ҳәм газды издеў ҳәм қазып алыў»ға шет ел инвесторларын тартыў шаралары ҳаққындағы пәрманы болды. Онда Үстүрттеги жаңа ашылған нефт ҳәм газ кәнлерин шет ел компанияларына 25 жыл мүддетке концессияға бериў ҳәм басқа қолайлықлар жаратылған.

Ҳәзирги ўақытта Өзбекстан дүньяның 140 мәмлекетлери менен саўда-экономикалық байланысларды алып барады. Сол себепли оның сыртқы экономикалық айланысы 2000 жылғы жылғы 500 млн. Ақш долларынан 2008 жылда 6,3 млрд. долларға көбейди. Соны айтып өтиў керек, бул нәтийжелер Өзбекстан экспорт қылатуғын тийкарғы өнимлерге жәҳан базарындағы баҳалар 20-40 процентке пәсейўи тәсиринде ерисилген. Жәҳан базарындағы баҳалардың Өзбекстан экспорт қылынатуғын өнимлерге болған қолайсыз тербелислерине карамастан, 2008 жылы саўда айлысы экспортының импорт көлеминен жоқары болыўға ерисилди.

9-кесте

**Қарақалпақстан Республикасы районларында пахтаға сарыпланған кәрежетлер, туқымлық ҳәмде минерал төгинлер сарыпланыўының 2008 жылға анализи[10]**

| № | Районлар атлары | Егислик жерлер. га. | Жалпы ҳасыл т. | Жәми туқым. сарыпланыўы | Солардан | | Жәми ЫЫМ сарып. | Солардан | | Жәми минерал туқым. | Солардан | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 гектарына | 1 тоннаға | | 1 гектарға | 1 тоннаға | | 1 гектарға | 1 тоннаға |
| 1 | Төрткул | 13592 | 28181 | 1002 | 73,7 | 35,6 | 3448 | 253,7 | 122,4 | 3235 | 238,0 | 114,8 |
| 2 | Беруний | 13463 | 26545 | 979 | 72,7 | 36,9 | 3433 | 255,0 | 129,3 | 3230 | 239,9 | 121,7 |
| 3 | Елликқала | 13603 | 28427 | 930 | 68,4 | 32,7 | 3541 | 260,3 | 124,6 | 3164 | 232,6 | 111,3 |
| 4 | Әмиўдарья | 16068 | 37849 | 1501 | 93,4 | 39,7 | 4315 | 268,5 | 114,0 | 4340 | 270,1 | 114,7 |
| 5 | Хожели | 12251 | 25086 | 892 | 72,8 | 35,6 | 3210 | 262,0 | 128,0 | 2746 | 224,1 | 109,5 |
| 6 | Шоманай | 6050 | 11979 | 469 | 77,5 | 39,2 | 1646 | 272,1 | 137,4 | 993 | 164,1 | 82,9 |

[10] Дерек: ҚР Мәмлекетлик статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында

| | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 7 | Қанлыкөл | 3309 | 5941 | 275 | 83,2 | 46,3 | 823 | 248,7 | 138,5 | 467 | 141,1 | 78,6 |
| 8 | Қоңырат | 4041 | 8701 | 311 | 77,0 | 35,7 | 1097 | 271,5 | 126,1 | 648 | 160,4 | 74,5 |
| 9 | Мойнақ | 0 | 0 | 0 | 0,0 | 0,0 | 0 | 0,0 | 0,0 | | 0,0 | 0,0 |
| 10 | Нөкис | 1110 | 2382 | 71 | 64,0 | 29,8 | 274 | 246,8 | 115,0 | 158 | 142,3 | 66,3 |
| 11 | Кегейли | 7065 | 13891 | 643 | 91,1 | 46,3 | 1920 | 271,8 | 138,2 | 1246 | 176,4 | 89,7 |
| 12 | Шымбай | 5571 | 9677 | 443 | 79,5 | 45,8 | 1509 | 270,9 | 155,9 | 846 | 151,9 | 87,4 |
| 13 | Қараөзек | 4060 | 7843 | 297 | 73,3 | 37,9 | 1097 | 270,2 | 139,9 | 621 | 153,0 | 79,2 |
| 14 | Тахтакопир | 3050 | 6092 | 202 | 66,2 | 33,2 | 843 | 276,4 | 138,4 | 454 | 148,9 | 74,5 |
| | **Жами** | **103233** | **212594** | **8016** | **77,6** | **37,7** | **27156** | **263,1** | **127,7** | **22148** | **214,5** | **104,2** |

Өзбекстан ғәрезсизликке ерискеннен соң, товарлар ҳәм хызметлер ағымында жылжыўлар жүз берди. 2008 жылда Өзбекстан сыртқы саўдасында узақ шет еллердеги мәмлекетлердиң жәми айланысы 72 процентти қурады. Жаңа экспортқа бағдарланған өнимлерден 250 түрин ислеп шығарыў ҳәм тийкарғы қурамын диверсификациялаў бойынша ислер әмелге асырылды. 2008 жыл нәтийжелери бойынша улыўма экспорт көлеминде жоқары қосымша қун жаратылған өнимлердиң көлеми 2007 жылдағы 25 проценттен 34 процентке жетти. Экспорт системасында әдеттегидей өнимлер (пахта таласы, энергия тийкарлары, реңли металлар) менен бир қатарда Өзбекстанда экспорт қылынып атырған хәр қыйлы үскенелер, азық-аўқат өнимлери, хызметлер, жип-гезлеме, самолётлер, автомабильлер сыяқлы таяр өнимлер ҳәм көбейди.

Өзбекстанның дүнья пахташылығында тутқан жетекши орынлардан бирин ийелеп киятырғаны ҳәм паха шийки затының экспорты мәмлекетимиз валюта запасының зәрүр орайы болғанлығы ҳәм аўыл хожалығы жумысшыларының көп бөлеги пахташылықта бәнт екенлиги усы тараўдың үзиликсиз раўажланыўына алып келеди. Сол себепли ҳәм, мәмлекетимиз ҳүкимети тәрепинен пахташылық тараўын ҳәзирги заман техника ҳәм технология қураллары менен тәмийнлеў арқалы тараўды кескин раўажландырыў себепли үзликсиз шаралар ислеп шығылып әмелге асырылмақта. Усындай керекли шараларға «Пахташылықты раўажландырыў

процессин әмлеге асырыў ҳаққындағы» Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң (31 октябрь 2003 жыл 421 санлы) Қарары мысал бола алады. Соны айтып өтиў керек, бул процесстиң улыўма баҳасы 84,59 млн. АҚШ доллары болып, соалрдан 66,12 млн. АҚШ доллары – 5 жыллық жеңилликли дәўирди ҳәм Қоқандта, Халық аралық тиклениў ҳәм раўажланыў банкиниң 20 жыл мүддетке заём бериў сыпатында ажыратылған үлеси ҳәм 18,47 млн. АҚШ долларына теӊ муғдарда миллий валютадағы қәрежет - Өзбекстан Республикасының үлеси.

Усы ўақытта проекттиң тийкарғы бөлгеи болған «Пахта туқымшылығын раўажландырыў» проекти бойынша төмендегилер әмелге асырылады.

1. Орайлық Азия Туқымшылық Компаниясы Халық аралық тиклениў ҳәм раўажланыў банкиниң 8,3 млн. АҚШ доллары муғдарындағы суб-заём қәрежетлери есабынан Сырдәрья ўәлаятының Сайхунабат районында пахтаны қайта ислеў орайын қурып, 2007 жыл зүрәәтинен 25365 т. шийки затты қайта ислеп, 8300 т. пахта таласын ислеп шығарды.

2. Сурхандәрья, Ташкет, Бухара ҳәм Наманган ўәлаятларында пахта туқымшылығы корпорациялары шөлкемлестирилди, дүзилди. Сурхандәрьяда Юнанстанның ЕМКАТ фирмасы менен шерикликте «Алтыншигит» қоспа кәрханасы иске түсирилди. Кәрхананың қуўаты 5 мың т. шигит ҳәм 15 мың т. дәнди бир мәўсим даўамында қайта ислеў имкәнын береди. Ташкент ўәлаятының Орта Ыршық районында Германияның Пекус фирмасы менен, Бухара ҳәм Наманган ўалаятлары болса Францияның CFDT компаниясы менен қоспа кәрханалар дүзилди.

Республикада шет ел инвестициялары есабынан пайда болған ҳәзирги заман техника ҳәм технологиясына тийкарланған туқымшылықты қайта ислеў ҳәм оны егиўге таярлаў системасының дүзилиўи туқымшылық шигитиниң сыпат көрсеткишлерин асырыўға имкан жаратады, сапалы туқымшылық шигитиниң өниўшеңлик дәрежеси жоқары болғанлығы себепли туқымшылық сарыпланыўы гектар есабынан кемейеди. Нәтийжеде

тұқымшылық шигит запасы пайда болады. Оның белгили муғдарын сырт еллерге экспорт етиў имканы пайда болады. Шет еллик әсиресе, қоңсы мәмлекетлерде мәмлекетлик өзбек пахта туқымлық шигитине талап жоқ емес. Мәселен, «Тәжикистанда ақырғы жылларда жергиликли жаратылған пахта туқымларының егин майданлары пахтакешлер талабына жуўап бермеслиги себепли кемейип барыў есабынан оның сырт мәмлекетлрде жаратылған туқымлардың үлеси артып бармақта».



***1-сызылма: Өзбекстанда пахта туқымшылығын қоллап-қуўатлаў шеңберлик интеграцияласқан системасының улыўмалық көриниси***

Бундай жағдайдың қоңсы мәмлекетлер пахташылығында пайда болыўы республикамызда пахта туқымшылығын жәнеде раўажландырыў, туқымшылық шигит экспортын кеңейтиў ҳәмде жәҳән базарында өзбек туқымлық шигитиниң абырайын асырыў ушын қолай жағдай жаратады. Себеби пүткил жәҳан базарында 1 кг туқыммлық шигит баҳасы 2-20 АҚШ доллары әтирапында.

Әлбетте пахта туқымшылығының раўажландырылыўы жәҳан базарындағы пахта таласы ҳәмде туқымлық шигитке болған талапты қанаатландырыўға қаратылған болыўы керек. 80-жыллардан баслап, жәҳан пахта базарында жиңишке ҳәм орта жиңишке (экстра) талалы пахта туқымларына талап аспақта. Мәселен, 1980-81-жылларда усындай талалы пахта туқымлары жәҳан базарында 1739 мың тонна сатылған болса, оның сатыў көлеми 1985-86 жылларда 2349 мың тоннаны қураған, ямаса сол мүддетте 135,1% ке асқан ҳәм өсиўде даўам етпекте. Соны айтып өтиў керек, тап ҳәзирги ўақытта жәҳан пахта базарында бәсеки жыл сайын күшейип бармақта.

Бирақ, Республикамызда пахта таласын ислеп шығарыў ҳәм оны экспорт етиў көлеми соңғы еки жылда алдынғы жылларға салыстырғанда кемейген. Сол менен бирге, «Өзбек пахтасының үлеси Польша базарында кемеймекте. Өткен жылы ол 59,2 % еди, 1999 жылы болса 64 % ҳәм 98 жылы - 78 % ти қураған еди. Бул пахта сапасы пәсейиўиниң нәтийжелери. Буның орынына Сурия ҳәмде Африкадағы француз зонасының үлеслери Польша базарында еки есе асты».

Үш жыл даўамында республикамыздың әдеттегидей пахта базарындағы үлеси 18,8 процентке кемейиўи тәшўишли жағдай болыўы менен бирге Өзбекстан пахтасының абрайына жаман тәсир көрсетиўи мүмкин. Бундай

жаман процесстиң алдын алыў ушын мәмлекетимиз пахта агросанаат тараўында жаратылған финанслық техникалық база ҳәмде интеллектуал запаслардан нәтийжели пайдаланыў жүдә үлкен әҳмийетке ийе. Сонны айтып өтиў керек, пахта туқымлығы системасындағы финанслық-техникалық базаны жаңаламай, тараў қәнигелериниң тәжирийбесин асырмай системада пайда болған ысырапшылық мәплерине шек қоймай, жаңа туқым жаратыўдың ең жақсы усылларын пахта туқымшылығында әмелге асырыў жүдә қыйын болып табылады.

Бизиң пикиримизше, пахта қәрежетлери туқымды раўажландырыўға мәмлекет пенен бирге тараўда хызмет көрсетиў, финанслық-техникалық қураллар ислеп шығарыў ҳәм оларды жеткерип бериў ҳәмде пахтаны қайта ислеў ҳәм пахта өнимлери сатыўы менен байланыслы болған субъектлер қәрежетлерин ендириў зәрүр.

Усы субъектлердиң қәрежетлерин экономикалық мәп тийкарында, мәселен, спонсорлық ушын ажыратылған қәрежетлер суммасына муўапық түрде салыққа тартылатуғын базаны кемейтириў ҳәм басқа раўажландырыўға тартыў, оның пайдалы әмел етилиўи тәмийнлениўи керек. Соны айтып өтиў керек, пахта селекциясы ҳәм улыўма туқымшылықтағы бәсеки орталығын жаратпай турып, тараўда кескин бурылыс пайда етип болмайды. Пахта туқымшылығында бәсекини раўажландырыў ушын мәмлекет қәрежетлери есабынан әмел етилип атырған туқымшылық субъектлерине бәсекиге шыдамлы болған исбилермен топар, командалар, фирмаларды шөлкемлестириў актуал мәселелердиң бири болып есапланады. Өз-ара бәсеки исбилерменликти раўажландырыў арқалы пахта туқымлығын пайда етиў ушын исбилерменлерге мәмлекет кәрханалары менен бир қыйлы шараят жаратып берип, оларға ҳәм ҳәзирге шекем пайда болған финанслық-техникалық қураллардан мәмлекет кәрханалары менен тең түрде пайдаланыўшылар ушын имкәният бериў лазым. Пахта туқышылығында бәсекини күшейтириў ҳәм тараўды спонсор субъектлер есабынан жедел

раўажландырыў, әлбетте пахта туқымшылығы орайында жаңа шеңберлик интеграцияға тийкарланған муўапықластырыўшы басқарыў системасын жаратыўға алып келеди. Бундай система сыпатында: Пахта туқымшылығын муўапықластырыўшы миллий концерн (ПТММК)ни усыныў мақсетке муўапық. ПТММКның усыныўшылары: Өзбекстан Республикасының Министрлер Кабинети, Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлиги, Сыртқы экономикалық байланыс министрлиги, «Пахта туқымшылығы басқармасы», «Пахтасанааткорпорациясы», «Пахта пректини әмелге асырыў агентлиги», «Пахтабанк», «Узагромашсервис» ҳәм басқалар.

ПТММКны шөлкемлестириўден тийкарғы мақсет - Өзбекстан пахта туқымшылығында исбилерменликти қоллап-қуўатлаў арқалы бәсеки орталығын пайда етиў ҳәмде падалы пахта туқымларын жаратыўды қоллап-қуўатлаў ҳәм муўапықластырыўға ерисиў нәтийжесинде, өзбек пахташылығының жәҳән пахта базары талабына муўапық дәрежеде раўажланыўды тәмийнлеў.

ПТММКның тийкарғы ўазыйпалары қатарына төмендегилерди киритиў мүмкин:

- усыныўшылар, спонсорлар, шет еллик капиталлар ҳәм мәмлекет бюджети қәрежетлери есабынан концернниң бюджетин қураў, оны белгиленген мақсет ҳәм ўазыйпаларды орынлаўға бағдарлаў;

- пахта туқымшылығы системасында исбилерменликти қоллап-қуўатлаў, жаңа өнимли пахта туқымларының жаратылыўын коллап-қуўталаў мақсетинде грант, қарыз, саўға, ҳәм басқа қәрежетлер ажыратып бериў;

- пахта туқымшылығы системасында пайда болған финанс-техникалық қураллар республикадағы барлық туқымшылық субъектлериниң мүликшилик түринен ғәрезсиз тең ҳуқықта пайдаланыўды тәмийнлеў, усы базаны раўажландырыў ҳәм пахта туқымшылығы системасында бәсеки орталығы шөлкемлесиўин тәмийнлеў;

- пахта туқымшылығы шөлкеминиң барлық субъектлерини керекли мағлыўматлар менен тәмийнлеў ҳәм олардың хызметин муўапықластырыў ҳәмде жуўапкершилик шеңберинде қадағалаў;

- пахта туқымшылығы системасында жаңа усыл тәжирийбелер, техника-технологиялардың енгизилиўи ҳәм кадрларды таярлаў ҳәмде қайта таярлаўды муўапықластырылған ҳалда әмелге асырыўды тәмийнлеў;

- техникалық пахта жетистириўшилерди пахтаның жәҳан базарында бәсекеге шыдамлы ҳәм олар жайласқан аймақ шараятларына сай болған өнимли туқымлардың жоқары сапалы туқымшылық шигитин жеткерип бериў;

- пахташылық раўажланыўына байланыслы мәселелерди жәҳан ҳәм республика шеңберинде үйренип барыў тийкарында мағлыўматлар банкин шөлкемлестириў ҳәм усы мағлыўматлар менен қызыққан субъектлерди тәмийнлеў;

- республикада пахта туқымшылығын раўажландырыўдың тийкарғы бағдарларын белгилеў тийкарында оның дәстүрин дүзип әмелге асырыў ҳәм басқалар.

ПТММК административлик көз қарастан ҳеш бир шөлкем яки усыныўшыға бойсынбайды. Өзи ғәрезсиз хожалық жүритиўши субъект сыпатында Республика Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлиги менен муўапықластырылған ҳәм қол қойылған шәртанамалар тийкарында туқымшылық шигит таярлап, техник пахта жетистриўши хожалықларға жеткерип береди.

ПТММКның Жоқарғы органы усыныўшылар ҳәмде спонсорлар кеңеси болып, оны сол  Кеңесте жаратыў даўыс бериў жолы менен сайланатуғын басшы басқарады.

Кеңес хожалық жылының ақырында шөлкемлестирилип, онда ПТММК жыллық есабаты мәселеси шешиледи ҳәм мақулланғаннан кейин, Республика Министрлер Кеңесине усынылады. Соның менен бирге, бул Кеңесте қысқа

ҳәм узақ мүддетли пахта туқымшылығын раўажландырыў реже ҳәм дәстүрлери мәселеси шешилип әмелге енгизиў ушын усынылады.

ПТММК жумысшы басқарыў органы ўәкиллер жыйналысы болып, оған концернге ағза субъектлердиң ўәкиллери Республикада Министрлер Кабинети ҳәмде Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлигинен биреўден қәнийге, қадағалаўшы сыпатында қатнасыўы лазым.






***2-сызылма: Пахта системасын муўапықластырыўшы миллий концерниниң басқарыў системасы***

Соны айтып өтиў керек, ПТММКның Мониторинг ҳәм Проектлерин баҳалаўшы бир ретлик экпертлер топарының ағзалары Кеңесте жасырын даўыс бериў жолы менен таңлап алынады ҳәм олар жыл даўамында ғәрезсиз хызмет көрсетеди. Өзлериниң усыныс ҳәм жуўмақларын концерн басшысы ҳәм ўәкиллер жыйналысына усынылады. Усы топарлар концерн басшысына бойсынбайды. Сол себепли олар усыныўшылар ҳәм спонсорлар Кеңесине есабат береди. Мониторинг топары зәрүр деп тапса, Кеңестиң жыйналысын шақырыўы мүмкин. Проектлерди баҳалаўшы бир мәртелик экспертлер ҳәм мониторинг топарлар ғәрезсизлигин асырыўдан мақсет, проектлер таңлаўына концерн басшысы ҳәм басқа тайпалардың араласыўын шеклеў ҳәм концерн басшы хызметкерлериниң хызметлерин жуўапкершиликсиз қараўларының алдын алыў ҳәм басқарыўда демократиялық шөлкемлестириў тәритибин енгизиўди тәмийнлеў.

Соны айтып өтиў керек, барлық концернге ағза болған субъектлердиң мәмлекет үлеси болған субъектлердиң мәмлекет үлеси болған акциялары пакетин ПТММКниң өзине бериў ҳәмде концерн системасында ислеп шығарылған пахта таласын жәҳан пахта базары баҳаларында сатып алыўды жолға қойыў яки оны концерн тәрепинен экспорт қылыў ушын имкән жартыў пахта туқымшылығын раўажландырыў ушын Республика бюджетинен ажыратылған қәрежетлерди қысқартырыў имкәнын береди.

Солай етип, республикамызда ПТММКның шөлкемлестирилиўи пахташылық агросанаат орайында шеңберлик интеграцияласыўға

тийкарланған корпоратив исбилерменликтиң шөлкемлесиўине шараят жаратып бериў, оның пүтин бир организм сыпатында әмел қылыўы, тараўда исбилерменликти қоллап-қуўатлаў арқалы бәсеки орталығы пада болыўын тәмийнлейди. Булар менен бирге пахташылық агросанаат шөлкеми түрли субъектлериниң пахта туқымшылығын раўажландырыў ушын қәрежетлердиң тартылыўы ҳәм олардың төлеўлерде утып шыққан проектлерин әмелге асырыў мақсетинде муўапықластырылған ҳалда бағдарланған тараў пайдалылығын асырыў лазым.

**2.3. Республикамыз аўыл хожалығында пахташылық тараўының раўажланыў жағдайлары**

Пахташылық Қарақалпақстанда аўыл хожалығының тийкарғы тараўларының бири болып есапланады. Өзбекстанның барлық территориясында болғаны сыяқлы, Қарақалпақстанда да пахташылық ең бурынғы кәсиплердиң бири. Бул жерде көпшилик аўыл хожалығы кәрханалары пахташылыққа тийкарланған. Республика аймағында пахта өнимлерин, пахта таласын жетистириўши агросанаат комплекси жаратылған, шигиттен пахта майын ислеп шығарыў заводлары қурылған. Пахта таласы Қарақалпақстанда экспорт қылынатуғын тийкарғы өним есапланады. Май, шелуха, кир сабын ҳәм басқа өнимлер де ислеп шығарылады. Булар қоңсы Ғәрезсиз Мәмлекетлер аўқамы мәмлекетлеринде жүдә жоқары талапқа ийе өнимлерден есапланады.

Қарақалпақстан Республикасында пахта таласын қайта ислейтуғын кәрханалар да ислеп турыпты. Пахта жетистирилетуғын ҳәр бир ўәлаятта пахта тазалайтуғын заводлар бар. Олар да техникалық тәрептен қайта тәмийинлениўи зәрүр. Инвестиция орнына усы заводлар ушын жаңа әсбап-үскенелер сатып алыў мақсетке муўапық.

Пахта өзиниң әҳмийетине қарай санаат ушын да, халық хожалығы ушын да ғәлле, көмир, темир, нефть, қазылма байлықлар менен тең қатарда турады. Пахтадан 200 ге жақын ҳәр түрли азық-аўқат өнимлери ислеп шығарылады.

Әсиресе пахта шытынан тигилетуғын көйлеклер, жоқары сортлы, беккем сапалы жиплер ҳәм басқа хожалық буйымлары дүньядағы барлық халықлар талабы ушын ең зәрүр өнимлер болып есапланады. Егер бесинши сорт пахтаның 1 тоннасынан (орта талалы сорт) 8620$м^2$ гезлеме ислеп шығарыў мүмкиншилигин есапқа алсақ, пахтаның оғада қымбат баҳа, халық хожалығы тараўлары ушын оғада үлкен әҳмийетке ийе егин екенлигин аңлаў мүмкин. Аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў системасында жоқары сапалы пахта таярлаў жағдайын беккемлеў ҳәм бунда базар талапларын есапқа алыў, тараўдың ең әҳмийетли ўазыйпаларының бири болып есапланады. Соны да айтып өтиў керек, ҳәзирги ўақытта пахташылық илиминиң раўажланыўы базар қатнасықларына өтиў, пахта шийки өними көлемин көбейттириў ўазыйпасы белгиленип қойылмақта. Дән, шекер ҳәм басқа тутыныў товарларын бартер усылында алмасыўы тийкарында пахта таласы талап етиледи. Пахта жетистириўди көбейттириў өз-өзинен республикадағы өндирис қуўатының артыўынан ақылға муўапық пайдаланыўды, халықтың жумыс пенен тәмийинлениўин, жумыссызлықтың кемейиўине алып келеди.

Соның менен бирге пахта жетистириўдиң раўажланыўы аўыл хожалық тараўындағы басқа ҳәр түрли раўажланыўларға да кең жол ашады. Азық-аўқат өнимлериниң артыўы, әсиресе шарўашылықтың раўажланыўы, от-жем егинлериниң көбейиўи жер майданларының алмаслап егиўге масласыўын жақсылайды, тәбийий жайлаўлардың, пишенликлердиң көбейиўин тәмийинлейди. Ҳәзир бул көрсеткиштиң тек ғана ярымы жетистирилмекте.

Соңғы жылларда пахта жетистириўде де, бул тараўдың барлық звеноларында да жумыс көрсеткишлериниң төменлеп кеткенлигин көриў мүмкин.

Республикамыздағы пахташылық тараўындағы жетистирилетуғын өним көлеминиң төменлеп кетиўиниң тийкарғы себеби кейинги жылларда жерлердиң шорланыўы, суўдың жетиспеўшилиги нәтийжесинде пахта егисликлериниң майданы ҳәм олардан алынатуғын өнимлердиң көлеми бир

қанша кемейди. Республикамыздың тәбийий ҳәм экологиялық жағдайларына сәйкес келетуғын айырым дийханшылық егинлерин егиў ислери алып барылмақта. Мысал ушын пахта майданларының 16 мың гектарға (яғный 10,7%ке) қысқарыўы, бул егин өнимдарлығына салыстырғанда 29,4%ке кемейип кетиўи нәтийжесинде улыўма өнимдарлық 37%ке түсип кетти. Орташа өнимдарлық жәмийет кооперация хожалықларында 13,4 ц/га ны, фермер хожалықларында болса 14,3 ц/га ны қурады.

**Қарақалпақстан Республикасы районларында 20010 жыл 1-сентябр жағдайына** **10-кесте**
**пахта жетистириўде күтилетуғын қәрежет түрлери ҳәм оның салмағы**

**(млн сўм)**

| № | **Районлар атлары** | Ис ҳақы | Салмағы % | Туқымлық | Сал-мағы % | ЫЫМ | Сал-мағы % | Минер. Туқым | Сал-мағы % | Тийкарғы курал. Сақлаў | Салмағы % | Жумыс ҳәм хызметлер | Сал-мағы % | Басқа қәрежетлер | Сал-мағы % | Жәми | Сал-мағы % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Төрткул | 2141,7 | 29,7 | 412,0 | 5,7 | 764,0 | 10,6 | 1931,9 | 26,8 | 10,4 | 0,1 | 764,8 | 10,6 | 1176,0 | 16,3 | 7200,8 | 100,0 |
| 2 | Беруний | 1862,8 | 26,3 | 441,0 | 6,2 | 722,9 | 10,2 | 2104,1 | 29,7 | 10,3 | 0,1 | 787,4 | 11,1 | 1145,0 | 16,2 | 7073,5 | 100,0 |
| 3 | Елликқала | 1877,3 | 27,0 | 409,0 | 5,9 | 720,3 | 10,4 | 1907,6 | 27,4 | 10,4 | 0,1 | 745,1 | 10,7 | 1280,0 | 18,4 | 6949,7 | 100,0 |
| 4 | Әмиўдарья | 2506,6 | 27,0 | 603,0 | 6,5 | 1079,0 | 11,6 | 2703,3 | 29,2 | 12,8 | 0,1 | 1048,5 | 11,3 | 1317,0 | 14,2 | 9270,2 | 100,0 |
| 5 | Хожели | 1849,1 | 30,0 | 432,0 | 7,0 | 729,3 | 11,8 | 1564,7 | 25,4 | 9,6 | 0,2 | 715,6 | 11,6 | 867,0 | 14,1 | 6167,3 | 100,0 |
| 6 | Шоманай | 988,5 | 34,7 | 204,0 | 7,2 | 393,1 | 13,8 | 674,0 | 23,6 | 4,8 | 0,2 | 345,9 | 12,1 | 241,0 | 8,5 | 2851,3 | 100,0 |
| 7 | Қанлыкөл | 561,4 | 38,9 | 133,0 | 9,2 | 200,8 | 13,9 | 294,4 | 20,4 | 2,6 | 0,2 | 125,2 | 8,7 | 124,0 | 8,6 | 1441,4 | 100,0 |
| 8 | Қоңырат | 553,9 | 32,1 | 144,0 | 8,4 | 276,6 | 16,0 | 481,0 | 27,9 | 3,2 | 0,2 | 141,6 | 8,2 | 124,0 | 7,2 | 1723,8 | 100,0 |
| 9 | Мойнақ | 16,5 | 38,2 | 3,0 | 6,9 | 6,3 | 14,6 | 10,4 | 24,1 | 0,1 | 0,2 | 4,9 | 11,3 | 2,0 | 4,6 | 43,2 | 100,0 |
| 10 | Нөкис | 164,7 | 34,6 | 32,0 | 6,7 | 36,8 | 7,7 | 100,0 | 21,0 | 0,9 | 0,2 | 68,0 | 14,3 | 74,0 | 15,5 | 476,4 | 100,0 |
| 11 | Кегейли | 1110,5 | 34,1 | 279,0 | 8,6 | 473,5 | 14,5 | 844,4 | 25,9 | 5,9 | 0,2 | 442,8 | 13,6 | 104,0 | 3,2 | 3260,1 | 100,0 |
| 12 | Шымбай | 681,6 | 31,3 | 187,0 | 8,6 | 339,9 | 15,6 | 562,5 | 25,9 | 4,4 | 0,2 | 222,4 | 10,2 | 177,0 | 8,1 | 2174,8 | 100,0 |
| 13 | Қараөзек | 514,3 | 31,6 | 134,0 | 8,2 | 262,4 | 16,1 | 426,1 | 26,1 | 3,4 | 0,2 | 148,6 | 9,1 | 141,0 | 8,7 | 1629,8 | 100,0 |
| 14 | Тахтакопир | 422,5 | 35,0 | 94,0 | 7,8 | 183,6 | 15,2 | 261,0 | 21,6 | 2,6 | 0,2 | 105,2 | 8,7 | 139,0 | 11,5 | 1207,4 | 100,0 |
| | **Жами** | **15251** | **29,6** | **3507** | **6,8** | **6189** | **12,0** | **1386** | **26,9** | **81** | **0,2** | **5666** | **11,0** | **6911** | **13,4** | **51470** | **100,0** |

| | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | **5** | | | | | | | | | |

Улыўма алғанда республикада пахта жетистириў мәдениятындағы жумыслар белгиленген ўазыйпаларға еле толық жуўап бермейди. Бир неше аўыл хожалығы кәрханаларында ҳәм фермер хожалықларында суўғарылатуғын жерлерден үнемли пайдаланыў, техника ҳәм туқымларды өз ўақтында ҳәм орнында ислетиў, өндирис қуўатлылығынан, мийнет ҳәм финанслық ресурслардан пайдаланыўды жетерли дәрежеде деп болмайды.

Хожалық хызметин жүргизиўде суўдың жетиспеўшилиги, тәбият қолайсызлықлары сыяқлы күтилмеген жағдайлардың да унамсыз тәсири көп болды. Бирақ ең тийкарғы себеплерден - бундағы технологик ҳәм шөлкемлескен экологик жағдайлардың, жумысты шөлкемлестириўдеги сапасыз ҳәм мәдениятсыз хызметлерин көрсетиў мүмкин.

1996-1999-жылларда зүрәәтлилиги бираз төмен болған хожалықларды өнимли хожалықларға айландырыў бойынша бираз жумыслар исленген.

Көп ғана аўыл хожалығы кәрханаларында, хожалықларда пахта өнимдарлығы ҳәзирше жоқары дәрежеде раўажланып атыр деп айта алмаймыз. Республика районларының хожалықларында соңғы жылларда өнимдарлық жүдә төменлеп кеткен. Изертленип атырған район хожалықларында өнимдарлықтың өсиў дәрежеси ҳәр түрли объектив ҳәм субъектив себеплерге байланыслы. Көп ғана аўыл хожалығы кәрханаларында егин майданлары топырағының бузылыўы нәтийжесинде өнимдарлық кемейип кеткенлигин, алмаслап егиў тәжирийбелери қолланылмай атырғанлығы, және басқаларында жаңа жерлер өзлестирилгенлигин, соған жараса минерал төгинлердиң тийкарғы түрлерин қолланыўының бузылғанлығын көриў мүмкин. Қарақалпақстан топырақтаныў институтының мағлыўматларына қарағанда, егин майданларының 70 процентинде егин майданларының сапасы бузылғанлығын, дерлик барлық далалар шорланғанын көриўимиз мүмкин. Буннан тысқары гүзги-қысқы жумыслардың, ислеў бериў, шүдигарлаў, суўғарыў сыяқлы жумыслардың өз мүддетинде избе-из исленбегенлигин айтып өтиў лазым. Жыйын-терим ўақтында өнимдарлықтың төменлеўи яки набытшылық себепли де

көрсеткишлер төменлеп кеткен. Семьялық кесип алып ислеўшилерде мийнетти шөлкемлестириў, өндиристиң ҳәр қыйлы түрлерин қолланыў, хожалық есабын жүритиўде қәте-кемшиликлерге жол қойыў жағдайлары ушырап турады. Пахта жетистириўдиң төменлеўи менен бирге пахташылықтың экономикалық нәтийжелилик көрсеткишлери де өз-өзинен төменлеп кеткен.

«Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлиг»не қараслы хожалықлар есабына жетистирлген пахта өниминиң экономикалық нәтийжелилигин анализ ислегенимизде, пахта тараўлары бойынша белгиленген егисликлер майданы 2007-жылға келип 2002-жылға салыстырғанда 72589 га ға кемейген. Буның тийкарғы себеби бизиң республикамыздағы жерлердиң шорланыўы ҳәм суўдың жетиспеўшилиги есабынан ҳақыйқый егислик майданлары кемеймекте. Егисликлер майданының кемейиўи нәтийжесинде пахтадан алынатуғын улыўма өнимлердиң көлеми биз анализ ислеген жыллар (1999-2007) аралығында 813770 тоннаға кемейген. Пахта жетистириўдеги артықша қәрежетлердиң сарпланбаўы ҳәм өндирислик шығынлардың баҳасының артыўы нәтийжесинде 1 центнер пахтаның өзине түсер баҳасы 1999-жылға қарағанда 2007-жылға келип 12214 сумға қымбатлаған. Улыўма пахташылық тараўлары өндирислик шығынлардың өзин-өзи өтемеўи нәтийжесинде хожалықлар зыянға ушыраған. Усының нәтийжесинде пахташылықтың рентабеллик дәрежеси 2006-жылға келип – 9% болған.

Соңғы жылларда республикада мийнет ресурсларының тийкарғы тутыныўшысы пахташылық тараўы болып келмекте. Себеби тараўдың раўажланыў дәрежелери жүдә жоқары көрсеткишлерге ийе болып, районлардағы материаллық өндирис пенен бәнт болғанлардың үштен бир бөлеги мине усы тараўда мийнет етеди. Соңғы жылларда раўажланыў дәрежелериниң кескин төменлеўи, жәмийет хожалықларына көплеген техниканың сатып алыныўы ҳәм басқа жағдайлар себепли пахташылықта бәнт болғанлар санының өсиў имканиятлары дерлик жоғалды.

Пахташылық жумысларының заманагөй техника менен тәмийинленип атырғанлығы ҳәм механизацияластырып атырғанлығы себепли аўыл хожалығында бәнт болған жумысшы күшин жедел рәўиште қысқарттырып барыўға тийкар бар деп айтыў мүмкин. Соны да айтып өтиў керек, кейинги жылларда аўылларда мийнетке жарамлы халықтың саны бираз өсти. Бул болса мийнет ресурсларынан пайдаланыў машқаласының және де кескинлесиўине, пахташылықта да, аўыл хожалығының басқа да тараўларында, өндирис, мийнет нәтийжелилигинде де өсиў төменледи. Бул фактлерден сондай шешим шығарыў мүмкин: егер пахташылық тараўындағы үлкен ресурс ҳәм резерв имканиятларын ашыў ушын, азғана қәрежет сарплап, мийнет нәтийжелилигин асырыў ҳәм бул жумысты барлық жәмийет хожалықларында итибарға алынса, өндирис нәтийжелилигиниң артыўы турған гәп. Базар экономикасы қатнасықларына өтиў дәўиринде хожалық жүритиў, раўажланыў жолларын излеў, бар ресурслардан ақылға муўапық пайдаланыў, пахтаны егиў, оларға ислеў бериў, өнимди қайта ислеў, сақлаў ҳәм сатыўға шекем болған барлық басқышларда потенциал имканиятлардан пайдаланыў, солар нәтийжесинде жоқары көрсеткишлерге ерисиў мүмкин. Соңғы 3 жыл ишинде республикамыз дийханларының мәмлекет алдында өз алдына қойған миннетлемелерин орынлаўы республикамыздағы соңғы жыллардағы пахташылық тараўында жоқары жумыслардың алып баралып атырганлығынан дерек береди.

## III-Бап. МӘМЛЕКТИМИЗДЕ ПАХТА САНААТЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ ПЕРЕСПЕКТИВАЛАРЫ

### 3.1. Пахтаны қайта ислеў санаатының тийкарғы ўазыйпалары ҳәм оны раўажландырыў илажлары

Пахташылық республикамыз дийханшылық санааты тараўының тийкарғы тараўы болып, мәмлекет халық хожалығының социал-экономикалық нәтийжелилигин асырыўда ҳәм тараўлар арасында байланысларды беккемлеўде өз алдына орын ийелейди. Пахта шийки заты ҳәм оннан өндирилген дәслепки ҳәм таяр өнимлер тек ғана мәмлекетимиздиң ишки базарын толтырыўда емес, бәлки оларды экспорт қылыў тийкарында республика бюджетин шет ел валюталары менен толтырыўда тийкарғы дерек болып есапланады.

Президент И.А.Каримов өзиниң «Өзбекстан XXI әсир босағасында» атамасындағы мийнетинде пахташылықтың Республика экономикасындағы орнына баха берип:

«Бүгинги күнде Өзбекстан сыртқы базарда талап жоқары болған өним-пахта талшығының тийкарғы ислеп шығарыўшысы ҳәм жеткизип бериўшиси: Республика пахта талшығын ислеп шығарыў бойынша дүньяда бесинши ҳәм оны экспорт қылыў бойынша екинши орында турады», деп атап көрсеткен. Пахташылықтың кәрханалар экономикасындағы орны, оның шығындысыз, көп түрли дәрамат келтириўши товар өнимин жетилистириўден ибарат.

Бир тонна пахтадан 340-350 кг талшық, 50-60 кг мамық ҳәм 580 кг шигит алынады. 340 кг талшықтан өз нәўбетинде 3500 $м^2$ гезлеме, бир тонна шигиттен 170 кг май, 400 кг гүнжара, 300 кг шелуха ҳ.т.б. өнимлер алынады. Буннан басқа маргарин, кир ҳәм ийис сабынлар, алиф майын таярлаўда пайдаланылады.

Улыўма алғанда пахтадан 1200 түрли товар өнимлери алынады. Есап-китапларға қарағанда, пахта өним(гезлемелер, май, гүнжара ҳ.т.б)лерин

сатыўда хәр бир гектар есабынан (ҳасылдарлық 25 центнер болғанда) 200-250 мың сом дәрамат алыў мүмкин.

Пахта талшығы ҳәм ғозапаядан таярланған өнимлер Өзбекстанның халқара саўдада үлкен роль ойнайды. Өзбекстан 20 дан аслам мәмлекетлерге пахта экспорт қылады.

2004-жылдан баслап Президентимиз ҳәм ҳүкиметимиз тәрепинен пахта егисин жетилистириў ҳәм жайластырыў мәселесине үлкен кеўил аўдармақта. Буған мысал ретинде 11.03.2004 жылы шығарылған. «Қишлоқ хўжалигида реформаларни амалга оширишга қаратилган қонунларнинг амалга оширилишини таъминлашга боғлиқ қушимча чора-тадбирлар туғрисидаги» пәрманы айқын мысал бола алады.

Мәмлекетимизде қабыл қылынған Программада көрсетип өтилгениндей аўыл хожалығы егинлеринен жоқары зүрәәт алыў мақсетинде топырақ өнимдарлығын тиклеў ҳәм жақсылаў ушын төмендегилерди әмелге асырыў зәрүр:

-жақын жыллар ишинде барлық сүрим жерлердиң топырақ сапасын баҳалаў;

-суўғарылатуғын жерлерди алмаслап егиўди қолланыў;

-пахташылықта дән егинлери, жоңышқа егинлери менен алмаслап егиўди кеңнен қолланыў;

-келешекте пахта егис майданларын көбейтиў ҳәм 1,5 млн гектарға жеткериў;

-топырақ өнимдарлығы шараятын ҳәм аўыл хожалығы егинлерин жетилистириўдиң территориялық экономикалылығын есапқа алған ҳалда районлар ҳәм хожалықлар бойынша егинлер системасын өзгертиўге жол қойылып регионлары бойынша пахта шийки затын шығарыўды басқа егинлер менен төмендегише жайластырыў керек болады;

-Қарақалпақстан Республикасында пахта, пашақлы дән, қант ләблебиси, салы жетистириўди қосып алып барыў;

-Хорезм ўәлаятында талшығы IV-типтеги пахта дән, қант ләблебиси ҳәм салы жетилистириўди қосып алып барыў;

-Қашқадәрья ҳәм Сурхандәрья ўәлаятларында пахтаның II-типтеги орта ҳәм жиңишке таллы сортларын бирлестириў жолына еки мәрте ҳасыл алған ҳалда дән жетистириўди раўажландырыў (гүзлик дәнлерди жетистириўди раўажландырыў ҳәм қайтадан мәкке жүўери, ақжүўери ҳәм т.б) ерте ҳәм кеш писер палыз егинлерин жетилистириў көлемин көбейтиў;

-Бухара ҳәм Навоий ўәлаятларында IV ҳәм V тип талшықлы пахта жетистириўге өтиў, ғәллешиликти раўажландырыў;

-Самарқанд ўәлаятында V тип талшықлы пахта, тухымлық ҳәм товарлық дән, палыз егинлерин, миййе, жүзим ҳәм темеки жетистириўди раўажландырыў;

-Ташкент ўәлаятында пахта, кенеп, дән, миййе-палыз егинлерин ҳәм жүзим жетистириў;

-Ферғана уазиси ўәлаятында пахта, товарлық дән, тухымлық дән (Андижан ўәлаяты 78 %), палыз, миййе ҳәм жүзим жетистириў әмелге асырады. Дийханшылық өнимлерин жетистириўге бағдарланған фермер хожалықларына ижараға берилетуғын пахта жер майданларының көлеми keминде 10 гектар болыўы шәрт.

-Ҳәр 100 гектар пахта майданына 9 балл баҳа бериў усыныс етиледи.

-Пахташылықты тез пәт пенен раўажландырыў, мәмлекетимиз бойынша ҳасылдарлықты 30-35 центнерге, улыўма ҳасылды 4-4,5 млн тоннаға жеткериў имканиятын жаратыў лазым.

Пахташылықты раўажландырыўда сортларды туўры баҳалаў үлкен әҳмийетке ийе.

Пахта талшығы шәртли түрде 9 типке бөлинген (УзРСТ 165-94) Ia, Iб, I, II, III типтеги талшықлар, узын (жиңишке) талшықлар пахта сортларынан алынады. Олардың талшықлары оғада беккем болып, ҳәр қыйлы қымбат баҳалы буйымлар, шырайлы ҳәм беккем гезлемелер, жоқары сортлы сатийн ҳ.т.б гезлемелер таярланады. IV-V-VI ҳәм VII тип талшықлар орта талшықлы

пахта ғозасы сортларынан алынады. Олар тез писер, зүрәәтлиги жоқары болғанлықтан кең майданларға егиледи.

IV-тип талшықтан тоқымашылық жиплери, ҳәрекетке келтириўши қайыс тоқымалары, тоқыма өнимлери ҳәм жиплери таярланады.

V-тип талшықлардан тоқыма кийим-кеншек, ҳәм басқа гезлемелер ислеп шығарылады.

VI-тип талшықлардан түрли бояўларға боялатуғын гезлемелер алынады, жүн менен араластырып гезлемелер таўарлар таярлаўда пайдаланылады.

Республика пахташылық хожалықлары ушын төмендеги сортларды егиў усынылады:

Бухара-6, Аққорған-2, Хорезм-127, Омад, Ақдәрья-6, Термиз-51, С-6524, С-2609, Карши-8, Наманган-77.

Өзбекстанда жаңа ислеп шығарыў қатнаслары шараятында пахташылықты раўажландырыў тараўында көплеп шөлкемлестириў илажларын әмелге асырыў көзде тутылған. Пахта зүрәәтлигиниң өсиўине қарап пахта егилетуғын майданларды кемейтиў ушын төмендегилер көзде тутылады:

-жерлерди фосфорлы ҳәм калийли төгинлер берип ҳәмде көп жыллық ҳарам шөплерге қарап гербицитлер қолланып, яки яруслы плуглер менен өз ўақтында ҳәм сапалы шүдигарлаў;

-пашақлы дән егинлериниң жыйын-терими тамамланғаннан соң, жерлерди қайта егинлер менен бәнт қылмастан, ҳәр жылы гектарына 10 тонна жергиликли төгин салып, майданларды тегислеў, бул майданларда шигитти пленка астына егиў ушын гүзге таярлап қойыў;

-900 мың гектар майданның  сорын ҳәр жылы жуўыў;

-ғозаның ерте писер сортлары (С-4727, Қырғызстан-3, С-9070, Юлдуз, Ташкент-6) егилетуғын майданларды ҳәм талшығы IV-типке сәйкес болған (С-6524, С-6530) сортлары егис майданларын көбейтиў, оның ушын республикада 18 ден артық, соннан 2 жиңишке талшықлы сорт егиў;

-500 мың гектар майданға шигиттиң түгин алып сайлап егиў, егилетуғын майданларды кеңейтиў;

-шигитти пленка астына егиўди 10-апрельге шекем тамамлаў ҳәм зүрәәтликти жақын жыллар ишинде гектарына 32 центнерге көтериўди тәмийнлеўши агротехникалық шара-илажларды өткизиў менен бул майданларды кептириў;

-гербицитлер ғозаның өсиўин тезлестириўши препаратлар қолланылатуғын майданларды ҳәмде зыян келтириўшилер ҳәм кеселликлерге қарсы биргеликте гүресиўши қолланбаларды кеңейтириў;

-барлық агротехникалық ҳәм агрохимия шара-илажларды илимий-пәнлер усынысларына ҳәм алдынғы тәжирийбелерге муўапық өткизип, ҳасылды механизация жәрдеминде жыйып-терип алыўды кең қолланыў ҳәм жыйын-терим мапазын октябрь айының ақырына шекем тамамлаў.

Пахта өндириў нәтийжелилигин арттырыў дийханшылық мәдениятының тийкары болған алмаслап егиў ең тийкарғы усыллардың бири болып есапланады.

Бизге мәлим, республикамызда дийханшылық системасының тийкарын топырақ өнимдарлығы ҳәм егинлер өнимдарлығы ҳәм егинлер зүрәәтлигин көтериўде ең үлкен итибар илимий көз қарастан тийкарланған алмаслап егиўди тәмийнлеўге қаратылады. Алмаслап егиўди қолланбай турып, төгин бериў, суўғарыў, жабайы шөплерге ҳәм кеселликлерге қарсы гүресиўдиң дурыс, илимий көз-қарастан тийкарланған системаны қолланып болмайды. Тек ғана егинлердиң алмаслап егилиўи илимий тийкарда шөлкемлестирилсе ғана топырақ өнимдарлығын сақлаў мүмкин.

Республикамызда пахташылықты алмаслап егиў узақ жыллар даўамында жоңышқа-пахта тийкарында алып барылған, 10, 9, 8 атызлы алмаслап егиў системасында. Жоңышқадан кейин 6-7 жылға шекем тек пахта егиў көзде тутылған. Бундай алмаслап егиў системасының жекке ҳүкимдарлығын тәмийинлеп, дән ҳәм басқа егинлер жетистириў имканиятларын бир қатар шеклеп қойыўға алып келди.

Топырағы шорланған ямаса шорланыўға бейим жерлерде, айрықша вильт пенен зəлелленген жерлерде пахта-жоңышқаны алмаслап егиўден пайдаланған, бөлекленген схемаларына өтиў усыныс етиледи, бунда-да бир майдан ғəлле менен бəнт болыўы лазым. (мəселен 2:4:1:3; 2:4:1:2; 2:3:1:3, биринши цифр жоңышқа майданы, 2 ши ҳəм 4 цифр пахта майданы, 3 цифр дəн егинлери майданын аңлатады).

Базар өндириси қатнасықлары жағдайында дəн ғəрезсизлигине ерисиў мақсетинде егис майданларында пахта-дəн, пахта-жем егинлери, пахта-азық-аўқат егинлери системасына өтиў мақсетке муўапық деп есапланады.

Ҳəзирги ўақытта жоңышқа 1:2; 1:3; 1:4; 1:4:1:4 схемасы, яғный дəн ҳəм пахта алмаслап егиси кең қолланылмақта. Бул схемада биринши орында баслы (пашақлы) дəн егинлери ямаса мəкке жүўери ийелейди. Олар жыйнап алынғаннан кейин, қай егис егинлери: тары, мəш, соя, картошка, палыз ҳəм овощ егинлери, олардан кейин гүзги-қысқы аралық егинлер-рапс, перко, вика ҳ.т.б егинлер егилиўи мүмкин олардың көп массасы жем-силосы ретинде пайдаланылады.

Пахта өндирисинде туқымшылық ең əҳмийетли орын тутады. Сонлықтан да сайланып алынған кондицияға жеткизилген туқымнан ғана аўырыўсыз, күшли пахта ғоза-паясы өсип шығады.

Бизге мəлим топырақ-ҳаўа райы шараятына мас келетуғын районластырылған пахта сортларының өзине тəн қəсийетлерин сақлап қалыў мақсетинде мəмлекетимизде 5 жыллық схема (Уз РСТ 663-96) тийкарында туқымшылық шөлкемлестирилген болып, элита ҳəм биринши репродукциялы шигитти элита хожалықлары жетистирсе, екинши, үшинши ҳəм төртинши репродукциясы туқымды жоқары зүрəəтликке ийе болған туқымшылық хожалықлары жетилистиреди.

Егилетуғын пахта шигитлери УР стандарты бойынша төмендеги талапларға жуўап бергенде ғана егиске рухсат берилиўи керек:

-өнип шығыў дәрежесине қарап: I класслы туқымлық шигиттиң өнип шығыўы 95-100%, II класслы туқымлық шигиттики 90-94%, III класслы шигиттиң өнип шығыўы 85-89% ке тең болыўы керек;

-сорт тазалығы, элита 100%, I репродукцияда 99F, II репродукцияда 98%, III репродукцияда 96% етип белгиленген;

-шигиттиң зыянланған - қол терими шигитинде 5% дан, машина терими шигитинде 7% дан көп болмаўы;

-шигит түги қалдығы-түкли шигитлерде 0,8% дан табийғый түксиз шигитлерде - 0,4% дан аспаўы керек;

-шигиттиң ығаллығы: қол териминде 9%, машина териминде 10% дан артық болмаўы керек.

Пахташылық өндирисин раўажландырыў ушын жердиң зүрәәтшилигин арттырыўда төгинниң орны үлкен, сонлықтан да төгинлерден илимий тийкарланған нормалар ҳәм мүддетлерде пайдаланыўды жобаластырыў әмелге асырыў ғоза-паяның өсиўин ҳәм раўажланыўын жеделлестириўши тийкарғы усыллардың бири болып есапланады.

Төгин бериў системасы органикалық ҳәм минерал төгинлерден пайдаланыўды өз ишине алады.

Төгинди қолланыў нормасы: топырақтың типине, төгинниң түрине, алмаслап егиў майданларына қарап жобаластырылады.

Илим изертлеў жумысларының нәтийжелерине қарағанда бир тонна ҳасылды жетилистириў ушын орта есап пенен 50-60 кг азот, 75-90 кг фосфор ҳәм 25-30 кг калий төгинлери сарпланады. Минерал төгинлердиң нәтийжелилиги органикалық төгинлер менен қосып қолланғанда ғана бирқанша өседи.

Биз жоқарыда пахташылықты раўажландырыўдың базы бир усылларын ҳәм мәмлекет тәрепинен көрилип атырған базы бир илажларды келтирип өттик. Пахташылық зүрәәтлигине булардан басқада факторлар тәсир етеди. Мысалы: пахта егилетуғын  жерлерди шудигарлаўды туўры жобаластырып технологиялық карта бойынша әмелге асырыў ҳәм гүзде шүдигарлаў октябрь

айының орталарынан ноябрь айының ақырына шекем жобаластырыў мақсетке муўапық болады. Топырақты егиске таярлаў, шигитти егиске таярлаў ҳәм егисти шөлкемлестириў, дизенфекциялаў ҳәм ҳасылды өз ўақтында жыйнап алыўды шөлкемлестириў.

Соның менен бирге пахташылық ең алдыңғы тәжирийбелерди қолланыўда өзиниң нәтийжелилигин береди.

Бул илажлардың барлығы ақырында пахта заводларында ислеп шығарылатуғын пахта талшығының дүнья жүзлик стандартқа жуўап бериўине алып келеди ҳәм пахтаны экспорт жасаўдан мәмлекетимиз қазнасына келип түсетуғын шет ел валюталарын көбейтип халқымыздың социаллық экономикалық жағдайын жоқарылатады.

## 3.2. Қарақалпақстан Республикасының пахта тазалаў санааты ҳәм оның Республикамыздың экономикасында тутқан орны

Қарақалпақстан Республикасының раўажланыўында пахта тазалаў санааты кәрханалары ең әҳмийетли орын тутады. Олар тоқымашылық кәрханаларына пахта мамығын, аўыл-хожалығы хожалықларына туқым-шигит, халықтың мүтәжликлери ушын ақ май, шолқа, гүнжара ҳәм тағыда басқа өнимлер өндирип береди.

Республикамызға келип түскен шет ел валюталарының басым көпшилиги пахта тазалаў санаатының үлесине тийисли. Пахтадан алынған өнимлер адамларға кийим-кеншек ҳәм ең керекли үй рузыгершилик затлар болады. Ҳәзирги күнде Өзбекстан Республикасында пахта ең үлкен әҳмийетке ийе техникалық егинге айланған.

Пахта тазалаў  санааты ислеп шығарған талшық, мамық ҳәм шигит қайта исленип таяр өнимге айланады. Өзбекстан Республикасы пахтаны өсириў, қайта ислеў ҳәм басқада ислеп шығарыў  тармақлары ушын шийки зат таярлаўда Орайлық Азия еллери ишинде биринши орынды ийелейди.

Қарақалпақстанда «Қарақалпақпахта санаатсатыў» акционерлик бирлеспесине қараслы тоғыз пахта тазалаў заводлары бар. Олар Қарақалпақстан Республикасының аўыл-хожалығында жетилистиретуғын пахтаны өз ўақтында қайта ислеп бермекте. 2006-жылы 210 мың тоннадан артық пахтаны қайта ислеп шығарды.

Пахта тазалаўшы кәрханалар пахташылық хожалықлары менен ҳәр жылы өндирилетуғын өнимлерге шәртнама дүзиў арқалы байланысқан. Пахта тазалаў кәрханалары тийкарынан төмендеги жумысларды иске асырады:

- пахтаны қабыллаў ҳәм кептириў, ҳәр қыйлы патас затлардан бирлемши тазалаў;
- терим ўақтында араласқан ҳәр қыйлы шөплерден тазалаў ҳәм кептириў;
- пахтаны джинлерде тазалаў, талшықты шигиттен ажыратып алыў,

- талшық линт ҳәм мамықларды майда патаслықлардан тазалаў ҳәм оларды пресслеп, тайлап таярлаў;
- Республикалық пахташылық хожалықлары ушын туқымшылық шигитлерди қайта ислеп, өз ўақтында таярлап қойыў.

Кейинги жыллары пахта тазалаў санааты үлкен жетискенликлерге ериспекте. Пахта тазалаў процессин автоматластырыў, илим ҳәм техниканың жетискенликлеринен кеңнен пайдаланыў нәтийжесинде республикамызда пахта талшығын жетистириўдиң көлеми ҳәм сыпаты анағурлым өсти. Булар өз гезегинде егислик ҳәм техникалық шигитлердиң талшығының сапасын дүнья жүзлик стандартқа сәйкес келтириўге, мийнет өнимдарлығын арттырыўға ҳәм нәтийжеде қосымша дәрамат алыўға мүмкиншилик бермекте. Пахта тазалаў санааты тийкарынан халық хожылығы жеңил санаат кәрханаларына шийки зат жетистирип бериўши тармақ болып есапланады ҳәм ол бир тәрептен аўыл-хожалығы менен тығыз байланыста болып, текстил, химия ҳәм басқа да кәрханаларды шийки зат пенен тәмийинлейди. Соның ушын да аўыл-хожалығында пахта жетистириў қандай үлкен ўазыйпа атқарса халық хожалығы экономикасында пахта тазалаў санаатыда сондай үлкен ўазыйпаны атқарады.

Өзбекстан Республикасы экономикасында аграр сектор ең баслы орын тутатуғын болғанлықтан пахташылық бизиң республикамыздың аўыл-хожылығының тийкарғы тармағы болып есапланады. Бул тармақтың тийкарғы өними пахта талшығын ҳәм басқа да пахта өнимлерин дүнья базарынан келип түсетуғын валюталық түсимлер қурайды. Республикамыздың улыўма дәраматтың 30% тен асламын пахта талшығын сатыўдан келип түсетуғын түсимлер қурайды.

Биз енди Өзбекстан республикасының агросанаат комплексиниң пахта талшығын жетистириў ҳәм сатыў схемасын қарап өтейик.

Бул комплекстиң тийкарғы ҳәм басланғыш звеносы пахта егетуғын хожылықлардың басшысы аўыл ҳәм суў хожалық Министрлиги болып есапланады.

## Қарақалпақстан Республикасы районларында 2005-2006-2007 ҳәм 2008 жылларда Пахта жетилистириў хызмети туўрысында (11-кесте)

## МАҒЛЫЎМАТ

| № | Районлар | Дәрамат (мың сўм) | | | | Қәрежетлер (мың сўм) | | | | Жәми пайда, зыян (+,-) | | | | Жами рентабеллик % | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **2005 жыл** | **2006 жыл** | **2007 жыл** | **2008 жыл** | **2005 жыл** | **2006 жыл** | **2007 жыл** | **2008 жыл** | **2005 жыл** | **2006 жыл** | **2007 жыл** | **2008 жыл** | **2005 жыл** | **2006 жыл** | **2007 жыл** | **2008 жыл** |
| | **Жәми** | **16138865** | **38464713** | **50552485** | **59275872** | **23403594** | **33968258** | **45470433** | **52307000** | **-7264729** | **4496454** | **5082052** | **6968872** | **-31,0** | **13,2** | **11,2** | **13,3** |
| 1 | Төрткул | 2061778 | 5086722 | 6763440 | 7344918 | 3153626 | 4894200 | 6125810 | 7215000 | -1091848 | 192522 | 637630 | 129918 | -34,6 | 3,9 | 10,4 | 1,8 |
| 2 | Беруний | 1635914 | 4433880 | 6461360 | 6822270 | 3173205 | 4417808 | 6028090 | 7089000 | -1537291 | 16072 | 433270 | -266730 | -48,4 | 0,4 | 7,2 | -3,8 |
| 3 | Елликқала | 2028827 | 5599556 | 6822480 | 8568306 | 3206217 | 4772982 | 6175281 | 7012000 | -1177390 | 826574 | 647199 | 1556306 | -36,7 | 17,3 | 10,5 | 22,2 |
| 4 | Әмиўдарья | 4118258 | 8157095 | 9083760 | 11682774 | 4156045 | 6340234 | 8107983 | 9268800 | -37787 | 1816861 | 975777 | 2413974 | -0,9 | 28,7 | 12,0 | 26,0 |
| 5 | Хожели | 2483745 | 4284496 | 6020640 | 6387750 | 3328995 | 4057528 | 5478569 | 6452000 | -845250 | 226968 | 542071 | -64250 | -25,4 | 5,6 | 9,9 | -1,0 |
| 6 | Шоманай | 714794 | 2093855 | 2719905 | 3164346 | 1698896 | 2019974 | 2441848 | 3045200 | -984102 | 73880 | 278057 | 119146 | -57,9 | 3,7 | 11,4 | 3,9 |
| 7 | Қанлыкөл | 276776 | 1029374 | 1422000 | 1861398 | 483392 | 948424 | 1253471 | 1498000 | -206616 | 80951 | 168529 | 363398 | -42,7 | 8,5 | 13,4 | 24,3 |
| 8 | Қоңырат | 307667 | 1338205 | 1908100 | 2239002 | 643715 | 1171478 | 1579134 | 1744000 | -336048 | 166727 | 328966 | 495002 | -52,2 | 14,2 | 20,8 | 28,4 |
| 9 | Мойнақ | | | | 62730 | | | | 44000 | | | | 18730 | | | | 42,6 |
| 10 | Нөкис | 0 | 0 | 560020 | 627300 | 0 | 0 | 414295 | 493000 | 0 | 0 | 145725 | 134300 | 0,0 | 0,0 | 35,2 | 27,2 |
| 11 | Кегейли | 1093658 | 2569187 | 3333840 | 3878244 | 1609728 | 2205292 | 3013766 | 3160000 | -516070 | 363895 | 320074 | 718244 | -32,1 | 16,5 | 10,6 | 22,7 |
| 12 | Шымбай | 426474 | 1502876 | 2235510 | 2750634 | 935543 | 1480457 | 2160932 | 2372000 | -509069 | 22419 | 74578 | 378634 | -54,4 | 1,5 | 3,5 | 16,0 |
| 13 | Қараөзек | 606930 | 1268349 | 1803510 | 2255220 | 592116 | 873796 | 1565601 | 1724000 | 14814 | 394553 | 237909 | 531220 | 2,5 | 45,2 | 15,2 | 30,8 |

Екинши звеносында пахта егетуғын хожалықлардан пахтаны сатып алатуғын, оны қайта ислеп пахта талшығынан өним ислейтуғын республиканың ишки қарыйдарларына ҳәм сыртқы саўда компанияларына жеткеретуғын пахта тазалаў санааты турады.

Комплекстиң үшинши звеносында сыртқы саўда комплекси МВЭС ҳәм «Узоптобиржеторг» ассосациясы болады. Олардың тийкарғы жумысы пахта талшығын ҳәм басқа да пахта өнимлерин биржалардың дүньялық баҳасында республикамыздан сыртқа шығарыў (экспорт) ҳәм сатыў менен шуғылланады.

Комплекстиң барлық звенолары Өзбекстан республикасының Министрлер Кабинетиниң басшлығында жумыс алып барады.

Биз биринши кестеде республикамыздың пахта тазалаў санаатының 2003-жылдан ҳәзирги ўақытқа дейинги өндирилген пахта талшығының көрсеткишин келтирдик.

**12-кесте**

**Қарақалпақстан Республикасының пахта санаатының өндирген өниминиң көрсеткиши**

| № | Жыллар | Пахтаның көлеми (мың тонна) | Өндирилген талшық (мың тонна) | Талшықтың шығыўы (%) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2004 | 111,6 | 36,8 | 33,29 |
| 2 | 2005 | 72,6 | 22,9 | 32,06 |
| 3 | 2006 | 88,0 | 28,0 | 32,35 |
| 4 | 2007 | 183,1 | 59,23 | 32,50 |
| 5 | 2008 | 185,5 | 60,13 | 32,52 |

Бул көрсеткиш бойынша республикамызда пахта тазалаў санаатының 2004-жылларға дейинги өндирилген өними кебейип раўажланыў тенденциясын көремиз. Бул республикада кейинги жыллары аўыл хожалығында пахтаны жетистириўге үлкен әҳмийет берилип атырғанлығын көрсетеди. Ал соңғы жыллары көрсеткиш бойынша пахта талшығын

жетистириў бир қанша төменлеген еди, бирақ 2008-жылы республикада пахта жетилистириў жоқарылап кетти. Буған рсепубликамыздың аўыл-хожалығында пахта майданларының көбейиўи ҳәм көпшилик бурын пахта екпейтуғын район фермерлерининде пахта егиси менен шуғылланыўы себеп болды. Соған байланыслы ҳәзирги ўақытта пахта тазалаў кәрханаларын раўажландырыўға үлкен дыққат бөлинбекте. Ғәрезсизлигимиздиң биринши жылларынан баслап-ақ пахта тазалаў кәрханаларын раўажландырыўға заманагөй техника ҳәм технология менен тәмийинлеўге айрықша кеўил аўдарды. Соның нәтийжесинде республикамыздың пахта тазалаў санаатларында шығарылған өнимлердиң сыпаты дүнья жүзлик стандартқа толық жуўап бермекте. Буның айқын мысалы, Халқабад ҳәм Беруний пахта заводларының шығарған өнимлери сыпаты жағынан толық дүнья жүзлик стандартқа жуўап бергенликтен. Испаниядағы дүнья жүзлик сыпат комитети бул заводлардың шығарған өнимлерин 147 пахта тазалаў заводларының өндирилген өнимлериниң ишинде ең сыпатлы өним деп табылып, бул заводларға дүнья жүзлик сыпат сертификаты берилди ҳәм «Алтын жулдыз» медалы менен сыйлықланды.

Республикамыздың пахта тазалаў заводлары базар экономикасының талапларына муўапық өзлериниң хожалықты басқарыў ҳәм ислеп шығарыў жумысларын илимий тийкарда алып барыўға, өнимниң өзине түсер баҳасын төменлетиўге, ҳәр бир сумнан қосымша пайда алыўды өзлериниң алдына мақсет етип қоймақта. Бул мақсетке ерисиўге, яғный заводтың мийнет өнимдарлығын арттырыў нәтийжесинен улыўма пайданы көбейтиўде кәрхананың тийкарғы көрсеткишлериниң арасындағы байланысты есаплаў ҳәм қайсы көрсеткиши тийкарында өнимдарлықты арттырыў көбирек тәсирин изертлеў тийкарғы ўазыйпа болып тур. Соның ушында бул диссертация жумысының тийкарғы мақсети экономика-математикалық метод ҳәм жаңа компьютер технологиясы жәрдеминде сол көрсеткишлердиң өз-ара байланыслығының нызамлығын ашып мийнет өнимдарлығын арттырыўға ҳәм талшықтың шығыў муғдарын келешекке болжаў жасаў болады.

## Жуўмақлаў

Президент И.А.Каримов өзиниң мийнетлери ҳәм баянатларында пахташылықты Республика экономикасындағы тутқан орнына баҳа берип төмендегише жазады: «Бүгинги күнде Өзбекстан сыртқы базарда талап үлкен болған өним-пахта талшығының тийкарғы ислеп шығарыўшысы ҳәм жеткизип бериўшиси есапланады» деп айтып өтеди. Себеби республикамыз пахта талшығын ислеп шығарыў бойынша дүньяда 5-ши ҳәм оны экспорт етиў бойынша 2-ши орында турады. Мәмлекетимиздиң пахта экспортын раўажландырыў бойынша төмендеги бағдарларды атап көрсетсек болады:

- Өзбекстан Республикасы территориясында ҳәм тийкарғы халықаралық теңиз портларында жүклерди қайта ислейтуғын ҳәм сақлайтуғын запаслар системасын жаратыў арқалы экспорт ҳәм импорт жүклериниң тасыўда өзине түсер баҳасын төменлетиў;

- тийкарғы транзит бағдарлары бойынша республика ишиндеги тезжүрер автомабиль жоллары тармағын раўажландырыў;

- Европа, Жақын Шығыс, Орта Азия ҳәм Қытай мәмлекетлери менен байланыстырыўшы Азия-Тыныш океаны регионы жайласқан транс континентал транпорт коридорын жаратыўға қаратылған Ташкент- Андижан - Ўш - Ирекештом - Қашқар - Корла маршурыты менен автомабиль ҳәм темир жол қурылысы ҳәм реконструкциялаў проектин әмелге асырыў;

- ҳәзирги күнде қолланылып атырған Қара теңиз жағаларындағы портларға жеткерип бериўши Түрикменстан, Азербайжан ҳәм Грузия территориялары арқалы өтиўши транспорт коридорын раўажландырыў ҳәм Орта Азиядан Европаға тасылатуғын экспорт-импорт жүклери ушын кететуғын ўақыт ҳәм қәрежетлерин сезилерли кемейтириў;

- шет-ел мәмлекетлери менен байланысларды раўажландырыўда шәртнама – ҳуқықый тийкарларын раўажландырыў ҳәм онан жаңа транспорт жүклерин өзлестириў, жүклер ҳәм проектлерди биргеликте әмелге асырыў ушын қәрежетлер жалып етиўде пайдаланыў.

Ғәрезсизликке ерискен күнен баслап, Өзбекстан ҳүкимети сыртқы экономикалық байланысларды раўажландырыў тийкарғы бағдар деп қарайды, себеби, мәмлекетлердиң экономикалық раўажланыўының глобалласыўы ҳәзирги ўақытта биринши нәўбетте халық аралық экономикалық жәмийетке интеграцияласыўы дәрежесине байланыслы.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.Каримов тәрепинен тийкарланған сыртқы экономикалық хызметти «ашық есиклер сиясаты» принцплери төмендегилерден ибарат:

- басқа мәмлекетлердиң иделогиялық дүнья қарасынан басқа олар менен өзара мәпли саўда-сатық қатнасықларының раўажланыўы;

- еки ҳәмде көп тәреплеме тең ҳуқықлы ҳәм өз ара мәпли бирге ислесиўди әмелге асырыў;

- сыртқы саўда режимин басқышпа-басқыш еркинлестириў, Дүнья жүзи саўда шөлкемлерине ағза болыўы мақсетинде оның принцплери қағыйдалары ҳәмде халық аралық ҳуқықларының миллий ҳуқықлардан үстинлигин тән алыў ҳәм жоқары деп билиў;

- бәсеки ҳәм бирге ислесиў барысында тең салмақлы болыўын тәмийнлеў;

- мәмлекетимизге ҳәзирги заман технологияларын алып кириўши мәмлекетлер ҳәм айырым шет-ел инвесторлары ушын имтиязлы орталық ҳәм имкәниятларды жаратыў режимин енгизиў.

Әмелге асырылған илимий изертлеўлер жуўмақлры бойынша төмендеги жуўмақлар ҳәм усыныс ҳәм пикирлер таярланды.

1. Республикамыз тәбий-ықлым шараяты, мийнет ресурслары, аўыл хожалығы тармағы қанигелери тәжирийбеси, қалиплескен дийханшылық мәденияты, илимий-техникалық потенциалы бай тәжирийбелер, жоқары сыпатлы пахта жетистириў ушын қолай шараят ҳәм имканиятлар жаратты.

Пахташылық тараўындағы бар машқалаларға қарамастан, экономикалық реформалар нәтийжесинде бир қатар унамлы өзгерислер әмелге асырылды.

2. Изертлеўлер көрсетиўинше, аўыл хожалығын раўажландырыўға хызмет қылыўшы жеке ҳәм коммерция бағдарындағы финанслық институтлар раўажланып, дийханға хызмет көрсетиўши инфраструктура объектлери раўажланыяында унамлы жағдайлар жүз берип атырған болсада, бирақ, усы менен биргеликте пахташылық тарўында экономикалық қатнасықлар өзгериси пәстлиги белгили болмақта. Бунда бизиңше, пахташлық хожалықлары материаллық-техникалық базасы пәстлиги, хожалықларга хызмет көрсетиў тараўының раўажланыў дәрежеси тезлик пенен раўажланып баратырған базар талапларына жуўап бермей атырганлығы да тийкарғы машқалалардан есапланады.

3. Базар шараятында ғоза сортларын жайластырыў мәселеси биринши нәўбетте, ресурслар сарып бирлиги есабына, сыпаты бойынша базар талабына көбирек жуўап беретуғын ҳәм салыстырмалы арзан болған өним жетистириўди көбейиттириў мақсетинде әмелге асырылады.

4. Қарақалпақстан Республикасы аграр экономикасы раўажланыўында аўыл хожалығының орны биринши нәўбетте пахташылық тараўы менен байланыслы. Пахтакеш дийхан бүгинги күнде, өз мийнети нәтийжесинде дәрамат алып, ислеп шығарыў менен шуғылланар екен, онда исбилерменлик тәреплери раўажланбақта.

5. Егин майданларын оптималластырыў нәтийжесинде Қарақалпақстан Республикасы бойынша майданлары 1995 жылдагы 1445500 гектардан, 2008 жылда 106200 гектарға ямаса 27 5 % ке кемейген. Изертлеў нәтийжелерине сүйнетуғын болсақ, келешекте Қарақалпақстан Республикасы бойынша пахта егин майданлары суў тәмийнаты жақсы болған дәўирлерде 95-100 мың гектар әтирапында болыўы мақсетке муўапық. Бул илмий тийкарланған алмаслап егиў системасына әмел етиў имканын жаратады.

## Пайдаланылған әдебиятлар дизими

### I. Өзбекстан Республикасы Нызамлары

1.1. Өзбекстан Республикасы Конституциясы. -Т.: Өзбекстан, 2006.- 32 б.

1.2. Өзбекстан Республикасының Мийнет кодекси. -Т.: Адалат, 2003.

1.3. «Өзбекстан Республикасында мүлкшилик туўрысында»ғы Өзбекстан Республикасы нызамы // Экономика ҳәм ҳуқық дүньясы.-Ташкент, 1999.-Б.25

1.4. Өзбекстан Республикасының «Жер кодекси» // Өзбекстан аўыл хожалыгында экономикалық реформаларды тереңлестириўге тийисли нызам, ҳүкимет қарарлары ҳәм норматив ҳүжжетлер топламы.-Ташкент, Оқытыўшы,-1998.-Б.5

1.5. «Фермер хожалығы туўрысында»ғы Өзбекстан Республикасының нызамы. (жаңа баспасы) – Ташкент: Адалат.-2004.-78-105 б.

1.6. «Дийхан хожалығы туўрысында»ғы Өзбекстан Республикасының нызамы. Өзбекстан Республикасының аўыл хожалығына тийисли нызам ҳүжжетлери – Ташкент: Адалат.-1999.-177 б.

### II. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрманлары ҳәм Қарарлары

2.1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2005 жыл 14 июндағы "Базар реформаларын тереңлестириў ҳәм экономиканы еркинлестириў тараўындағы баслы бағдарларды әмелге асырыўды жеделлестириў шара-илажлары туўрысында "ғы ПФ 3618- санлы Пәрманы.

2.2. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2005 жыл 20 июндағы "Микрофирмалар ҳәм киши кәрханаларды раўажландырыўды хошеметлеў бойынша қосымша шара-илажлар туўрысында"ғы ПФ-3620-санлы Пәрманы.

2.3. Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Исбилерменлик субъектлери тәрепинен усыныс етилетуғын есабат системасын жетилистириў ҳәм оны нызамсыз талап еткенлик ушын жуўапкерликти күшейиттириў туўрысында"ғы Қарари. " Халық сөзи"газетасы 15.06.2005 ж.

**III. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Қарарлары ҳәм басқа ҳуқықый–норматив ҳужжетлер**

3.1. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң «пахта шигити ресурсларынан пайдаланыў үстинен қадағалаўды күшейиттириў ҳәм олардан пайдаланыў нәтийжелилигин асырыў шара-илажлары туўрысында»ғы қарары №93.-Ташкент, 31 март 2006.

3.2. «Аўыл хожалығы өнимлерин жетилистириўге талап етилетуғын мийнет ҳәм материаллық ресурслар нормативлери»-Ташкент,-1997.-Б.3.

3.3. Аўыл хожалыгы өнимлерин жетистириўшилериниң хызмет көрсетиўши шөлкемлер менен шәртнамалар дузия ҳәм оларды орынлаў тәртиби туўрсында Нызам // -Ташкент, Өзбекстан Республикасы финанслық нызамлар,-2001.-9.-Б.33.

**IV. Өзбекстан Республикасы Президенти шығармалары**

4.1. Каримов И.А. «Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында» - Т., «Өзбекстан», 1995 ж.

4.2. Каримов И.А. «Өзбекстан XXI әсир босағасында: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари» Т., «Өзбекстан», 1997 ж.

4.3. Каримов И.А. «Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда» Т., «Өзбекстан», 1998 ж.

4.4. Каримов И.А. Янгиланиш ва барқарор тараққиёт йўлидан янада изчил ҳаракат қилиш, халқимиз учун фаровон турмуш шароити яратиш - асосий вазифамиздир. Ватанпарвар. 2007 й. 16 февраль. № 7 (2186)

4.5. Каримов И.А. Мамлакатимиз тараққиётининг қонуний асосларини мустаҳкамлаш фаолиятимиз мезони бўлиши даркор. // Халқ сўзи. 2006 й. 25 февраль. № 39 (3838)

4.6. Каримов И.А. Эришилган ютуқларни мустаҳкамлаб, янги марралар сари изчил ҳаракат қилишимиз лозим. // Халқ сўзи. 2006 йил 11-феврал.

4.7. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз - жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. -Т.: Ўзбекистон, 2005.

4.8. Каримов И.А. Ислоҳотлар стратегияси мамлакатимиз иқтисодий салоҳиятини юксалтиришдир. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. – Т.: Ўзбекистон, 2003. 172-213 б.

4.9. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари / И.А.Каримов. – Т: Ўзбекистон, 2009. – 56 б.

4.10. Каримов И.А. Энг асосий мезон – ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш. Т.: Ўзбекистон, 2009. – 24 б.

4.11. Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. – Президент Ислом Каримовнинг 2009 йилнинг асосий якунлари ва 2010 йилда Ўзбекистонни ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси // Халқ сўзи, 2010 йил 30 январь.

4.12. Мамлакатимизни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамияти барпо этиш – устувор мақсадимиздир. – Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузаси // Халқ сўзи, 2010 йил 28 январь.

4.13. Ўзбекистон Конституцияси – биз учун демократик тараққиёт йўлида ва фуқаролик жамиятини барпо этишда мустаҳкам пойдевордир. – Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 17 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси // Халқ сўзи, 2009 йил 6 декабрь.

4.14. Мамлакатимизни модернизация қилиш ва янгилашни изчил давом эттириш – давр талаби. Президент Ислом Каримовнинг 2008 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2009

йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамаси мажлисидаги маърузаси // Халқ сўзи, 2009 йил 14 февраль.

4.15. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамаси мажлисининг Қарори. 2008 йилда Республикани ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2009 йилда иқтисодиётни барқарор ривожлантиришнинг энг муҳим устувор вазифалари тўғрисида. 2009 йил 13 февраль.

4.16. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ислом Каримовнинг «Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари» номли асарини ўрганиш бўйича ўқув қўлланма. – Т.: Иқтисодиёт, 2009. – 120 б.

**V. Оқыўлық ҳәм оқыўлық қолланбалар**

5.1. Қосимов М. «Қишлоқ хўжалигини ривожлантиришда Андижон тажрибаси». Тошкент. 2000 йил.

5.2. Исмоилов А. Муртазаев О. «Қишлоқ хўжалик иқтисодити». Тошкент. 2003 йил.

5.3. Санаев Н. С. Абдусаломов Х. «Фермер хўжаликларида иш ва хисоб-китоб юритиш». Тошкент. 2001 йил.

5.4. Салимов Б.Т., Уроков Н.И. Қишлоқ хужалиги инфратузилмаси иктисодиёти. Уқув қулланма. Т.: Узбекистон ёзувчилар уюшмаси Адабиёт жам\армаси, 2004.

5.5. Ахмедов Т.М. Регулирование территориальной организации производительных сил и коиплексного развития регионов Узбекистана.- Тошкент: Фан, 1992.-91 с.

5.6. Ахмедов Д.К. Эффективность функционирования хлопководства Узбекситана.- тошкент: ГФНТИ, 1994.-39 с.

5.7. Ўзбекситон ғўза навлари.-Тошкент: Узинкомцентр, 2001.-5 б.

5.8. Кодиров А. ва бошқалар. Хўжалик юритишнинг Янги шароитда ишлаб чиқариш самарадолигини ошириш.-Тошкент: ТДТУ.-1995.-95 б.

**VI. Интернет сайтлари:**

6.1. Фермер узаконень наконец то. www.agronews.ru

6.2. Дайджест-журнал «Фермер». www.chshb.ru

6.3. Фермер: сельское хозяйство, сельскохозяйственное оборудования, техника продаж… www.selhoz.net.ru

6.4. Тошкент Давлат Иктисодиёт Университети. www.tsue.uz

6.5. University of Hawaii at Hilo – Agroecology and Environmental Qulaity Program www.uhh.hawaii.edu

6.6. Московская сельскохозяйственная академия www.ecfak.timacad.ru

6.7. Институт Агроэкономики и Бизнеса Приамурский www.admin.ru

6.8. Саратовская сельскохозяйственная академия. www.tstu.ru

6.9. Rozvoj integrace a infrastruktura. www.deloitte.com

6.10. Ikkinchi asossiy faktor esa infrastruktura va soliq yuki. www.forum.uz

6.11. ЛБР – сельскохозяйственная техника, комбайну, косилки, сеялки, запчасти к сельхозтехники www.lbr.ru

6.12. Radio Tashkent International. http://info.uzpak.uz/uzb/econom_uzb/

6.13. Recently Published Books. www.eastview.com

6.14. Мардонова А.Т., Исхокова С.А. Аграр сохада мулкий муносабатларни рўёбга чиқаришнинг долзарб услублари. www.ski.ilm.uz